6. Ada seorang raja perwira yang memiliki banyak wadya bala yang bernegeri Parangakik. Muda dan terlalu berani, ia adalah putra Sang Raja Perid dulu, yang terbunuh dalam perang di negeri Kaos.
7. Berperang melawan Raden Sahid Ibnu Ngunar, cucu Baginda Amir. Badan raja Perid rusak, dicincang, bahu dan kaki dipotong oleh Ibnu Ngunar dasar muda pandai dalam peperangan.
8. Sekarang putra Raja Perid yang menjadi raja di Parangakik dan bergelar Raja Kanjun yang gagah berani dalam peperangan, banyak punggawa yang perwira lagi sakti.
9. Ketika itu Raja Kanjun mengumumkan kepada para wadya mempersiapkan perlengkapan perang, dan menulis surat untuk memanggil para raja yang sudah terkenal dalam perang yang berjumlah sepuluh orang raja dengan banyak perjuritnya.
10. Sepuluh raja itu semua datang lengkap dengan keperjuritannya. Semua raja yang gagah, perkasa dalam peperangan, berjutaan wadyanya, semua berkumpul di negeri Parangakik.
11. Raja Wisantara bernama Prabu Danurisman, wadya balanya tiga juta, perjurit perwira, terkenal tersohor, biasa menaklukkan negara, Raja yang disembah para raja sesamanya.
12. Raja Tartukum bernama Saridurga, wadya balanya empat juta. Raja perwiratama, banyak punggawa yang gagah berani sudah tiba di Parangakik lengkap dengan perjuritnya.
13. Raja di Ngambardara sang Raja Durdana, berwadya bala tiga juta. Raja perkasa dalam peperangan, terkenal punya punggawa saudara sebanyak dua puluh lima, semua perjurit, masing-masing berwadya seratus ribu. Mereka sudah tiba di Parangakik.

14. Banyak kalau diceritakan para raja itu, yang semua berani dan sakti. Karena itu Raja Kanjun sudah memberi tanda berangkat dari Parangakik, bersenjata gemerlapan berpakaian seperti gunung berapi.

15. Seperti laut pasang tumpah ke suatu padang, Sang Prabu Parangakik dengan wadya bala di depannya, yang menggunung dan punya urusan akan membalas dendam kepada cucu Sang Amir,

16. yang bergelar Raja Sayid Ibnu Ngumar yang membunuh ayahnya, Raja Perid yang terbunuh ketika perang di negara Kaos. Karenanya Raja Parangakik sangat sakit hatinya.

17. Sudah jauh jalannya dari negara. Ada yang diceritakan lagi, dahulu seorang satria, putra Raja Pirjos yang ditinggal waktu masih kecil.

18. Serta dewasa gagal tidak menjadi seorang satria tetapi jadi maling cerdik. Ketika mendengar bahwa Sang Kakungingrat meninggalkan keprabuan di dunia dan menjaga makam putri Medayin,

19. Raden Irjas ingin membunuh Menak Jayengmurti dengan jalan tipu muslihat. Ia pergi ke astana Muningar. Di jalan ia bersamaan dengan Prabu Parangakik.

20. Berupa drowis berjalan campur dengan perjurit tetapi ketahuan Sang Prabu. Drowis dipanggil dan ditanya keperluannya. Ia menjawab mau membunuh Wong Menak dengan laku sandi.

21. Berbaur dengan rakyat agar tidak ketahuan. "Itulah cara saya. Kalau Paduka, bagaimana kehendak Paduka, berjalan bersama barisan. Siapa gelar paduka dan orang besar dari mana?"

22. Menjawablah ia, "Saya Raja Kanjun dari negeri Parangakik, dan kehendak saya sama dengan kehendakmu, ingin mengambil si Amir, sebagai balas dendam karena ia membunuh ayahku."

23. Drowis berkata, "Kalau demikian laku paduka, tentu tak akan berhasil. Walaupun tanpa senjata, Wong Menak di dalam taman, kalau Paduka lawan dengan berperang, Paduka akan kalah. Paduka tak akan dapat berbuat apa-apa.

24. Walaupun wadya bala paduka jutaan atau puluhan juta orang, tentu tak akan dapat mengalahkan Sang Kakungingrat. Lebih baik dilawan tanpa senjata dan lebih baik Paduka meniru saya menggunakan tipu muslihat sandi.

25. Barisan paduka sebaiknya diistirahatkan yang jauh, saya saja yang mendahului, menuju langsung ke astana, pura-pura mau mengabdikan. Kalau sukar hamba masuk dengan akal, ialah menggunakan guna-guna.

26. Kalau sudah kena hamba beri tahu, supaya Paduka datang.” Ketika mendengar demikian, Kanjun sangat senang, dan membenarkan siasat itu. Dia menurut kehendak si Drewis.

27. Raden Irjas berganti pakaian compang-camping, membawa tongkat dan sisir sebagai pemantas, serbannya sudah lusuh, membawa nasi, tingkah lakunya seperti orang ngantuk, seperti orang kepayahan karena lama tak kemasukan nasi.

28. Bersama berangkatnya dengan raja Kanjun, hanya si Drewis disuruh duluan. Gemuruh suara di belakang, memenuhi hutan belukar wadya bala dari Parangakik. Si Drewis sudah lama berjalan.

Bersambung : Menak Kanjun.

## I. SARSABAN TELUK DHATENG WONG AGUNG

### DHANDHANGGULA

1. Inggang wonten ing Kaos nagari  
Wong Agung rijaling pramudita  
supena denira sarè  
kagyat sawungunipun  
ing wengine Jumuwah keksi  
kang putra katon siram  
neng samodra marus  
animbali Umarmaya  
prapteng ngarsa heh kakang ingsun angimpi  
katon atmajanira.
2. Maryunani dus samodra getih  
Umarmaya alon aturira  
lamun makaten impene  
suwawi nunten nusul  
adat tuwan lamun angimpi  
pan boten lelinyokan.  
doradasih sunduk  
manawi putra paduka  
nandhang kanin Wong Agung mundhut turanggi  
wus sumaos ngajengan.
3. Sogra umangkat Wong Agung kalih  
datan mawi kang bala satunggal  
mung lawan Marmaya bae  
katiga Sekardiyu  
lampahira prapteng wanadri  
lajeng wau Marmaya

tinuduh rumuhun  
umesat saengga kilat  
Umarmaya rong hasta tan napak siti  
kitha Kaswiri prapta.

4. Umarmaya amemindha drowis  
atetanya solahé wong Ngarab  
ing Kaswiri pangepunge  
kang tinanya sumaur  
kangjeng gusti aneng Pirkari  
Maryunani Marmadya  
lan Prabu Tamtanus  
amung raja putra Selan  
kang nenggani baris Kaswiri puniki  
Marmaya sigra mesat.

5. Saprapthane Pirkari ningali  
bala Arab sagung tetunggangan  
tinugelan bebuntute  
Umarmaya kumepyur  
pan ing saben pasthi prihatin  
yen buntuting turangga  
pasanggirinipun  
yen tugel prihatin dahat  
Umarmaya tetanya ing wong sawiji  
lah iki ana apa.

6. Iya apa kang dadi prihatin  
buntut jaran padha tinugelan  
wong kang tinanya saure  
pan Kangjeng Gusti lampus  
Maryunani aneng jro puri  
raja dewi kang nyidra  
awit saking wuyung  
asanget tan tinurutan  
Umarmaya wus tetela mesat aglis  
wangsul kapethuk marga.

7. Wong Agung kendel tetanya aris  
Umarmaya ature satengah  
ingaturken kanin bae

pan inggih nandhang tatu  
putra tuwan sang Maryunani  
sigra lajeng lelampah  
Marmaya umatur  
suwawi kendel sakedhap  
kula ngelih Wong Agung Menak nuruti  
sanya mampir ing taman.

8. Tamanira Sarsaban Pirkari  
prajurit kawak kang duwe taman  
sampun umanjing kalihe  
lajeng kendel Wong Agung  
Umarmaya andekep kambing  
satunggal pinaragat  
kambing dagingipun  
pan sampun pinecah-pecah  
Umarmaya ngurubken geni wus dadi  
daging kambing binakar.

9. Wusnya mateng sinaosken aglis  
wusnya siram Wong Agung adhahar  
ing ulam menda arereh  
Sarsaban duk andulu  
taman ana kukusing agni  
nimbali putranira  
kalih prapteng ngayun  
Raden Danayah Danamah  
ingkang rama Sarsaban asru dennya ngling  
dulunen taman ika.

10. Sapa ingkang ngurubaken geni  
aneng taman baya ta wong Arab  
kang abaris aneng kene  
nyalunthang polahipun  
lah cekelen gawanen aglis  
aturna ngarsaningwang  
liwat tambung laku  
putra kekalih tur sembah  
sigra mesat mring taman lampahnya prapti  
mulat marang kang prapta.



11. Krodha marani anyikep aglis  
marang Wong Agung anyandhak asta  
saking ing kanan keringe  
sareng panyendhalipun  
wanti-wanti narik tan osik  
kinipataken samya  
tiba kalhipun  
kalenger dangu neng lemah  
ingkang rama adangu denira nganti  
putra kalih tan prapta.

12. Sigra nusul sakaprabon jurit  
sarwi ngikal gadane kinarya  
meng-ameng aneng astane  
tyasing kamal pan agung  
kadya bajing angundha esthi  
saking agenging gada  
agung puteripun  
kadya tan karaseng asta  
prapteng taman anguwuh sesumbar anjrit  
aningali kang putra.

13. Kalhipun gumuling neng siti  
duka kadi anapas dahana  
heh ko praptanira kene  
ngateraken nyawamu  
apa sira ora ningali  
agunge gadaning wang  
Wong Menak andulu  
ngandika mring Umarmaya  
iki ana prajurit luwih kang prapti  
kakang dipun prayitna.

14. Gya mrepeki Sarsaban Pirkari  
sapa sira mamak tumbuh salah  
dulunen gadangong kiye  
apa tan wruh sireku  
yen tibaa sira mring ngendi  
lumayu ngungsekena  
ing nyawanireku

mesthi luluh wor bantala  
dyan Wong Agung mrepeki ngadeg neng ngarsi  
ginada mring Sarsaban.

15. Meh tibane gada geng anuli  
binarengan rinebut wus kena  
sendhal-sinendhal dangune  
kuwat Sang Jayengsatru  
wus rinebut binuwang tebih  
Sarsaban mara nyandhak  
ing wangkinganipun  
angangkat-angkat tan kangkat  
dyan Wong Agung amales anjunjung aglis  
ingubengaken tawang.

16. Dyan binanting kanteb tiba linggih  
sira Sarsaban amegeng napas  
amolah duk binantinge  
marmane tiba lungguh  
tan kalenger asru dennya nging  
heh Ambyah tuhu sira  
lelanang pinunjul  
sajegingsun aneng donya  
umur patang atus taun awak mami  
durung kasoran ing prang.

17. Durung ana iya kang nadhahi  
wong sawiji marang gadaningwang  
kabeh banjur luluh bae  
mung lagi sira iku  
iya ingsun pan wus ngrasani  
mring kadigdayanira  
estu yen pinunjul  
heh ta Ambyah wruhanira  
sutanira Maryunani mati sahid  
sigra Ki Umarmaya.

18. Angejepi Sarsaban dennya nging  
nora tutug ing pawartanira  
Wong Agung pangandikane  
heh Sarsaban sireku

maksih kuwat amangun jurit  
aja pisah lan ingwang  
momonga buyutmu  
kaki Sayid Ibnu Ngumar  
aturira Sarsaban sandika nuli  
putra kalih ginugah.

19. Satangine kinen angabekti  
mring Wong Agung Kakungingrat sigra  
Danayah Danamah age  
kalih nungkemi suku  
dyan Wong Agung sareng lumaris  
Sarsaban lan putranya  
pra samya tut pungkur  
marang Pirkari jro pura  
sapraptane Wong Agung awas ningali  
sagung turangga Arab.

20. Buntutipun sami den tugeli  
tandha prihatin yen kapejahan  
Wong Agung kagyat driyane  
mangu angadhuh-adhuh  
ana wadya satunggil prapti  
matur sarwi karuna  
sedane kang sunu  
Wong Menak datan antara  
niba saking turangga gumuling siti  
kasok tyas kapagutan.

21. Wadya Arab wus samya udani  
para prajurit miwah satriya  
prapta arame tangise  
kathah sesambatipun  
adhuh Gusti Sang Jayengmurti  
lamun putra paduka  
seda aprang pupuh  
kang abdi sayekti bela  
ngamuk uwor mangsa wontena kang urip  
wor marus lawan mengsah.

22. Dene sedane cinidreng bibi  
Retna Prabu Kalajohar beka  
datan tinurut karsane  
wasana nyidreng lampus  
Umarmadi tangisira njrit  
dhuh tuhu lamun tiwas  
kang abdi pukulun  
atur sumanggeng abahan  
sawungune Wong Agung sigra marani  
marang layoning putra.

23. Pan kapanggih maksih den rungkebi  
dening sang wira narpati Yunan  
kagyat Wong Agung praptane  
mingser gantya genipun  
pan Wong Agung langkung mlas asih  
agung den aras-aras  
layone kang sunu  
cinarita sihing putra  
tansah munggeng pangkon layone kang siwi  
alon dennyangandika.

24. Yayi Prabu Tamtanus sireki  
amuwusa karsaning Hyang Suksma  
sira utusana age  
asunga tupikseku  
marang yayi putri ing Mesir  
patine sutanira  
dening Retna Prabu  
lan iku si Kalajohar  
aturena marang yayi putri Mesir  
apa karsane kana.

25. Angukuma mring si rajadewi  
sigra Tamtanus nuduh punggawa  
sakawan sareng angkate  
ambekta Retna Prabu  
kineranji binekta ngarsi  
wuri malih winarna  
Wong Agung anuduh

wadya akarya bandhosa  
rinesikan pinaripurneng mretadi  
pinanjingken bandhosa.

26. Budhal Wong Agung saking Pirkari  
umung wurahan tangising wadya  
orek wukir saanane  
samodra reh jumezur  
abusekan udan wor riris  
mirut mandra lalita  
kilat-kilat arum  
antara aterataban  
endhep-endhep antara ngampak-ampaki  
seleting erawatya.

27. Kayda mastaka jebol saking wit  
kabaskaran alume katresnan  
nagri Pirkari pamane  
budhalira Wong Agung  
kadya ngenes kang tiris miris  
pucang kadya kinuncang  
angarang karungrung  
pawana ris anangsaya  
aliweran awor tejane akingkin  
kekanthen amiyoga.

## II. DEWI SEKAR KADHATON BELA PEJAHING PUTRA

### KINANTHI

1. Rangu-rangu kapingu  
Wong Agung samargi-margi  
ngiringken layoning putra  
tan arsa nitih turanggi  
miwah sang narpati Yunan  
kantaka samargi-margi.

2. Angarang ngurung kadarung  
areyongan ngiring-iring  
munggeng wurining bandhosa  
tan wus swaraning kang tangis  
Wong Agung anenggak waspa  
randhat lampahireng margi.
3. Pira-pira yutanipun  
turangga blegdaba esthi  
tan ana kang tinitihan  
mila ruwet aneng margi  
tirep-tirep aneng wiyat  
angin aris mawa riris.
4. Kuneng wau kang ingutus  
mring Kaos pan sampun prapti  
geger oter sanagara  
rikalanira miyarsi  
ingkang saking palurugan  
yen lena sang Maryunani.
5. Sru srekan umyung gumuruh  
tangise wong sajro puri  
kusuma Sekar Kadhatyan  
kebut saking dalem puri  
lan mantu Ni Aluljहार  
pating kacecer ing margi.
6. Parekan lan embanipun  
satriya mantri bupati  
kang samya saos wahana  
anusul samargi-margi  
jempāna palangka retna  
gumuruh baris nusuli.
7. Wus lepas ing lampahipun  
kuneng kang winuwus malih  
lampahe sang Kakungingrat  
marang nagari Kaswiri  
enget muring-muring ing tyas  
ing purwa sedaning siwi.

8. Awit denira ngalurug  
marang nagara Kaswiri  
kaya den rejek-rejeka  
tinumpes wong gedhe cilik  
dangu nalar amurweng tyas  
ngala kulisein kadir.
9. Kang aneng jro kitha ngrungu  
ing pratingkah Jayengmurti  
korine kitha binedhah  
wadya Ngarab wus umanjing  
kang aneng jro miris ing tyas  
wong Kaswiri lan kang ngungsi.
10. Gumrudug ngrabaseng pupuh  
wadya Rab anunjang wani  
gya Prabu Jobin lan Hirman  
palayunira anggending  
kang kacandhak akeh pejah  
punggawa satriya mantri.
11. Busekan ngungsekken umur  
oter keh kacandhak mati  
Raja Sanjahur palastra  
ginada rajeng Yunani  
remek awor lan bantala  
Tamtanus krodha mawredi.
12. Angambul panggadanipun  
kang kaparag tumpes tapis  
sa-mantri punggawanira  
pangamuke ambek pati  
gusis mawut asarsaran  
suwung nagari Kaswiri.
13. Jinarahan donyanipun  
pawestrine den boyongi  
Raja Jobin lawan Hirman  
lumayu marang Medayin  
surak wadyane keh pejah  
kuneng kang kawus anggending.

14. Maryunani ibunipun  
kagyat sru denira anjrit  
sinrahan Ni Kalajohar  
timbangan raka sang Amir  
sang putri sumpeg tyasira  
mung mungseng kunarpeng siwi.

15. Wus laju ing lampahipun  
samarga-marga njrit-anjrit  
pan arsa age mulata  
marang layone kang siwi  
katon kang mikul bandhosa  
wus celak lan putri Mesir.

16. Sang rajaputri andulu  
kapiyandhem malayoni  
wus celak lawan bandhosa  
aniba gumuling siti  
tan emut purwa duksina  
tan miyat ing bumi langit.

17. Sampun cekak napasipun  
sang putri lajeng ngemasi  
kusuma Retna Luljhar  
kapang-kapang anutu ti  
miyat kang ibu palastra  
keron tyas sang raja putri.

18. Kusuma Sajarah Banun  
kantun angkate duk prapti  
pijer amatah utusan  
mring kang paman rajeng Mesir  
tur uninga yen kang wayah  
sedane sang Maryunani.

19. Kusuma Sajarah Banun  
prapta nglud ambantu tangis  
katur ing sang Kakungingrat  
yen kang garwa putri Mesir  
praptane lajeng palastra  
gugup wimbuh tyasira Mir.



20. Dyan cinandhak garwanipun  
piyak sirep kang anangis  
layoning garwa sinundhang  
lah wungua yayi dewi  
pagene anganyut pejah  
ingsun yayi maksih urip.

21. Pan wus titahe Hyang Agung  
sutanira Maryunani  
yayi aja mati salah  
kasiku marang Hyang Widi  
dhuh yayi age wungua  
tingalana ingsun yayi.

22. Adangu panyundhangipun  
mring kang rayi putri Mesir  
Wong Agung sumpeg tyasira  
cekak sesek napasneki  
kantaka rebah genira  
gumuruh swaraning tangis.

23. Sigra sagung para ratu  
amasang tetarub sami  
nginggile sang Kakungingrat  
kestin ijo kang kinardi  
kuneng kang maksih kantaka  
wuwusen sang rajeng Mesir.

24. Kadi sareng lampahipun  
nanging ta gantya winarni  
nalika praptaning surat  
gya budhal Prabu Sanasir  
gugup tan anganti undhang  
wadya sakacandhakneki.

25. Amung sakethi nem ewu  
kang wahana turanggesthi  
senuk memreng balegdaba  
unta lan bihal karendhi  
kasusu kang pra dipatya  
gugup kang samya prihatin.

26. Pating kacecer kang nusul  
sagung punggawa ing Mesir  
miwah kang para santana  
ing marga datan winarni  
prapta ing Kaos nagara  
nanging wus kapanggih sepi.

27. Lajeng lampahnya sang prabu  
nusul mring nagri Kaswiri  
aneng ing marga kacandhak  
rajaputri Muninggari  
lan sang Prabu Jaka Kobat  
Sarehas panusulneki.

28. Dadya sareng lampahipun  
sigra-sigra aneng margi  
gepak upacara gewar  
mire sami kinen ngari  
kapethuk wonten susulan  
kendel asmaraning margi.

### III. RADEN MARYUNANI TUWIN INKGANG IBU DIPUN PE- TAK NUNGGIL KALISAHAK

#### ASMARADANA

1. Duta matur awotsari  
mring Muninggari lan kang putra  
myang rajeng Mesir wus dene  
samyak kendel soring gurda  
anyana keng timbalan  
saking sang Pramodengsatru  
mila sami kinendelan.

2. Amung sang Prabu Kohkarib  
puniku kang darbe duta  
saking asanget bingunge

duta ature tinanggap  
purwane sedanira  
Maryunani bibekipun  
saking Dewi Aluljihar.

3. Arine sang ratu Jobin  
jumeneng ratu wanodya  
ing Pirkari kadhatone  
Natadewi Kalajohar  
bebeka lara branta  
mantu kepenakanipun  
kasmaran beka asmara.

4. Kang putra datan nuruti  
kepati-pati kekahnya  
saking kacuwun karsane  
temah mantu pinejahan  
dadya samarga-marga  
Wong Agung tansah gung kantu  
ngiring bandhosaning putra.

5. Lawan sang prabu Yunani  
samarga-marga kantaka  
mila sanget ing rubede  
dupi kapethuk bandhosa  
Retna Sekar Kadhatyan  
tan antara lajeng lampus  
dadya sanget karepotan.

6. Wong Agung kantaka malih  
tambah putra tambah garwa  
niba saking turanggane  
anyundhang layoning garwa  
kantaka neng genira  
marma bingung para ratu  
angandheg tan ana bisa.

7. Kagyat denira miyarsi  
Muninggar asru turira  
paman aji dipun age  
sampun ngentosi kang dharat

sigra nitih turangga  
Muninggar anabet mamprung  
rajeng Mesir Prabu Jaka.

8. Katiga samya nyamethi  
ing turangga nander nyongklang  
wus prapta wau prenahe  
nenggih ingkang tinaruban  
katri sareng tedhaknya  
sang rajeng Mesir anjujug  
kang putra sang Kakuningrat.

9. Muninggar anjujug nenggih  
layone Sekar Kadhatyan  
Kobat Sarehas jujuge  
bandosane ingkang raka  
sareng lara karuna  
rajeng Mesir ngadhuh-adhuh  
getem anggung tebah jaja.

10. Winungu Sang Jayengmurti  
angger sampun kadi bocah  
dipun emut satitahe  
Sang Hyang Inkang Murbengjagad  
sadurung ana badan  
pepesthene wus ginantung  
ing lara pati pakenak.

11. Pagene kudu sak-serik  
yekti yen mewah duraka  
saking dening kelalene  
kagyat Sang Sri Kakuningrat  
wungu nungkemi sigra  
Prabu Sanasir pitutur  
angrerapu angrepera.

12. Sadaya ingkang prihatin  
lejar denira miyarsa  
rajeng Mesir pituture  
dadya sami siniraman

layon pinaripurna  
tinrap ing bandhosa sampun  
budhal dulur alon-lonan.

13. Ing marga datan winarni  
wus prapteng Kaos nagara  
lajeng memangun renggane  
layon pan arsa binakta  
marang nagari Mekah  
Maryunani garwanipun  
Retna Dewi Aluljaha.

14. Anuhun layoning laki  
lan ibu Sekar Kadhatyan  
sinarekna aneng Kaos  
nenggih ing wana Sahidah  
makame Kalisahak  
ywa tanggung denira tunggu  
aneng ing Kaos nagara.

15. Sartane kinarya nenggih  
panutan wana Sahidah  
pinindha-pindha pepundhen  
Wong Agung Surayengjagad  
nurut karsaning putra  
lan ingkang wayah sang prabu  
Raja Sayid Ibnu Ngumar.

16. Rempeg sagunging para ji  
nulya kang layon binakta  
cinendhak prapta lampahe  
nenggih ing wana Sahidah  
bandhosane sang retna  
kang pinetak aneng luhur  
bandhosanira kang putra.

17. Nenggih Raden Maryunani  
pinetak neng tengen ngandhap  
dene kang aneng keringe  
turangga pun Kalisahak  
sinami cungkupira

tinata korine pitu  
saben sap sinungan wisma.

18. Panggenan wadya pinanci  
sa-bupati kang atengga  
makam Sahidah namane  
bata cendhani sadaya  
winameng sesungguhan  
winardi rinaja tatur  
Wong Agung apan sawulan.

19. Lawan sagunge para ji  
akarya makaming putra  
lawan makame garwane  
sang rajeng Mesir turira  
kang putra ingaturan  
kondura marang kadhatun  
sampun lami aneng makam.

20. Apan ta sampun prayogi  
uparenggane astana  
Wong Agung apan semune  
karaos aneng astana  
milane ingkang rama  
pineksa ngaturan kondur  
Wong Menak nurut kang rama.

21. Agung dennyia imitutori  
Prabu Sanasir mring putra  
sinarehna ing nalane  
Wong Agung Surayengjagad  
tutut anut ing rama  
tigang wulan dennyia tunggu  
aneng ing Kaos nagara.

22. Sira Prabu Asanasir  
pamit marang ingkang putra  
budhal marang nagri Kaos  
kondur mring Mesir nagara  
kuneng gantya winarna  
ingkang sami kapalayu

saking Kaswiri nagara.

23. Hirman miwah ratu Jobin  
prapteng Medayin nagara  
sira Hirman prabu anom  
nama saking pabarisan  
duk neng Kaos nagara  
Raja Bahman kang anjunjung  
kalawan Ki Patih Bestak.

24. Sapraptanireng Medayin  
neng jro pura tinangisan  
mring ibu miwah kadange  
lamun kang rama binekta  
mring ratu bala Arab  
ing Ngabesi Sadat Kabul  
Ngumar tingkah mesiasat.

25. Sapraptane Puserbumi  
Raja Sadat Kabul Ngumar  
marang ing Medayin kene  
anyikep ing ramanira  
binanda kinurungan  
kinranji kadi trenggalung  
siniasat ramanira.

26. Praptane nagri Ngabesi  
pinakan apem sadina  
liwat saking masakate  
nginum toya tan sinungan  
wus rusak ramanira  
sarirane wus akuru  
aking kaya gegarukan.

27. Ribeng tyase den tangisi  
ing ibu myang pra santana  
sigra tinangkil karsane  
nimbali kang pra dipatya  
miwah Kya Patih Bestak  
aglar andher ngarsanipun  
Sang Prabu Hirman ngandika.

28. Paran rembugira sami  
Bestak lan para narendra  
myang punggawa sakathahe  
aprakara kanjeng rama  
mengko keneng siasat  
pinilara wus setahun  
mring si Sadat Kabul Ngumar.

29. Kathah prajurit Ngabesi  
sanadyan inggih kasora  
pasthi nyuruhi kancane  
kathah ratu bala Arab  
jer Sadat Kabul Ngumar  
sampun kabala puniku  
ing raka Sang Kakungingrat.

30. Wonten pikir kang satunggil  
leheng paduka panggih  
eyang paduka ing mangke  
pun Betaljemur punika  
manawi darbe tedah  
puniku paduka turut  
Raja Hirman sigra tedhak.

31. Marang Pijajar wus prapti  
gupuh denira tamiyan  
Raja Hirman lon wuwuse  
kaki paran karsanira  
prakara kangjeng rama  
nemu siasat kalangkung  
dening Sadat Kabul Ngumar.

32. Langkung sangete rama ji  
nandhang papa kajantaka  
Kabul Ngumar siasate  
tan mantra takliming raja  
pinindha wong urakan  
pan wus ilang sipatipun  
saking labeting srinata.



#### IV. PRAMESWARI ING MEDAYIN MUNDHUT TULUNG DHA- TENG WONG AGUNG

##### SINOM

1. Betaljemur aturira  
puniku tan wonten pikir  
pan amung pikir satunggal  
sayekti ingkang ngluwari  
ibu paduka nuli  
akintuna seratipun  
serat kang tapak asta  
ibu paduka pribadi  
mring kang putra Wong Agung Surayengjagad.

2. Sayekti nunten utusan  
Wong Agung Surayengbumi  
amundhut rama paduka  
dhateng sang rajeng Ngabesi  
ujer sampun kaabdi  
pun Maraja Sadat Kabul  
dhateng raka paduka  
Raden Hirman sigra amit  
sapraptane lajeng marek ibunira.

3. Umatur sarwi tur sembah  
Ibu ature pun Kaki  
luware jengira bapa  
paduka ki ntuna tulis  
dhateng pun kakang Amir  
serat saking ing pukulun  
aparinga uninga  
yen kang rama neng Ngabesi  
sinakitan dening Sadat Kabul Ngumar.

4. Yekti punika angetang  
pun kakang Surayengbumi  
ing wadanane Muninggar  
apindha gebyaring sasi

pasthi pinundhut aglis  
inggih mara sepuhipun  
mring Sadat Kabul Ngumar  
prameswari ngandika ris  
Jurujinem iya kulup sun nenurat.

5. Kang katur ing rakanira  
puniku sang prameswari  
ibune Hirman Muninggar  
gangsal patutanireki  
ingkang estri kekalih  
Muninggar retna Marpinjun  
ingkang jalu ketiga  
Hurmus Semakun wuragil  
katigane Hirman iku ya Hardiman.

6. Wus dadya kang punang serat  
sinungken utusan nenggih  
mantri kaibon sekawan  
anyatus turangganeki  
lampahira kadya ngin  
kang turangga kawan atus  
ing marga tan winarna  
wus prapteng Kaos nagari  
katur lamun utusane ibunira.

7. Ingandikan manjing pura  
mantrine kang ibu prapti  
katur pakintun lan surat  
katur ing Sang Jayengmurti  
serat binuka aglis  
penget mawi taklimipun  
hurmat ing panjenengan  
kulup iki surat mami  
Ing Medayin Jurujinem ibunira.

8. Katur surat winursita  
mring putra Surayengbumi  
Kakungingrat tur minangka  
bapa-babune wong mukmin  
kang pasthi den aubi

marang kadang warganipun  
kang punjul pramudita  
kang pinuji wong sabuni  
aprakosa sudira prawireng jagad.

9. Kang asih murdeng kasihan  
palimarmeng pekir miskin  
kang agung dana ing bala  
tetulung ing kawlas asih  
kang kasub ing sabumi  
lelananging aprang putus  
ingkang sinembah-sembah  
dening kang para narpati  
kang wus tetep rijal sangisoring wiyat.

10. Kang bisa bengkas amunah  
ing sagung lara prihatin  
pun biyang gusti tur wikan  
lamun wong tuwanireki  
ginawa mring Ngabesi  
kinurungan kadi manuk  
nora sinungan dhahar  
sadina apem sacuwil  
panggawene Raja Sadat Kabul Ngumar.

11. Sinangsaya kaya kompra  
wong atuwana gusti  
mring si Sadat Kabul Ngumar  
liwat saking kesi-esi  
kaya wong dekep pitik  
sirna tabet ratu agung  
gusti pan pira-pira  
gunge wong tuwanireki  
karatone mengko nemu kaserakat.

12. Kaya wong tanpa kakadang  
miwah datanpa sesiwi  
dene misih ana sira  
sesiwi Surayengbumi  
angreh para narpati

ngendhanu awor lan mendhung  
babo derajatira  
prabawa baboning bumi  
pirang lagi yen aja darbeya putra.

13. Suraya jayeng bawana  
muter saidering bumi  
ngendi ana kaya sira  
ngatas angin bawah angin  
ginusti ing para ji  
parandene wong tuwamu  
dadi pangewan-ewan  
anglakoni kawlas asih  
gusti sapa ingkang tetulung pun biyang.

14. Lamun nora kang sarira  
nadyan wong waweneh sami  
anuhun tulung mring sira  
sagung kang para prihatin  
mungguh sarira mami  
sayekti sira katempuh  
pan sira sutaningwang  
kang tuwa wode tyas mami  
cor leburen dukacitane pun biyang.

15. Kabeh ari-arinira  
miwah weraganireki  
pangaubane mung sira  
tamat ingkang surat titi  
tinukupaken nuli  
kang serat wadanipun  
wus dangu gya pinetak  
ingembun-embun ping kalih  
wali-wali tinukupaken wadana.

16. Pinetek aneng mastaka  
ping tiga sinungken nuli  
ing garwa retna Muninggar  
Wong Agung Surayengbumi  
sarwi mijil waspeki

Muninggar mesem tumungkul  
sarya lon maos surat  
kadriya esthining tulis  
yata matur mring raka Sang Kakungingrat.

17. Paran ing karsa paduká  
punika kang murweng tulis  
sayektos aturing duta  
saking ibu prameswari  
yen pun Hirman kang kirim  
yekti tan pantes tinulung  
dening ibu paduka  
inggih kang darbe panangis  
angandika Wong Agung Surayengjagad.

18. Iya yayi mungguh ingwang  
lamun kangjeng ibu sori  
anuduh ing lakuningwang  
nora ketang prapteng pati  
lebura awor siti  
datan gerantes sarambut  
apa kang sun walesna  
marang kangjeng ibu sori  
pamomonge maring sun tan mantra-mantra.

19. Lamun putra mantu iya  
pangrengkuhe lair batin  
angepe putrane lanang  
sajege mring awak mami  
Sang Prabu Nyakrawati  
ngruntiki pan kangjeng ibu  
nora milu ing raka  
welas geng tresna tan sipi  
yen padhana lan Hirman tresna maringwang.

20. Umatur Retna Muninggar  
nanging tur kawula inggih  
Tuan utusan kewala  
mundhut mring rajeng Ngabesi  
sampun tindak pribadi  
kawula puniki kawus

wonten Kaos nagara  
pisah lan paduka Amir  
angandika ingsun dhewe kang lumampah.

21. Sayekti mangsa enggala  
yen nora ingsun pribadi  
lan si Sadat Kabul Ngumar  
galendhete isin ajrih  
wajib ingsun nekani  
nglahirken apuraningsun  
mijil ing panangkilan  
siniweng sagung narpati  
ulubalang miwah satriya punggawa.

22. Surat sinungken Marmaya  
winaos sagung para ji  
ana ngungun ana suka  
Lamdahur lan Umarmadi  
gumuyu ting cekikik  
guguk pan sarwi tumungkul  
Wong Agung angandika  
sun dhewe lawan sireki  
Umarmaya katelu Sekarduwijan.

23. Marang Ngabesi nagara  
umatur sang Adipati  
Tasikwaja yen kawula  
tan tumut mring paduka Mir  
lampah datanpa asil  
donya ngakirat tan antuk  
tetulung wong nora sah  
Nusirwan inggih kepati  
saumure anggung akarya  
musibat.

24. Lamun Tuwan lumampaha  
manawi tan manggih becik  
Wong Agung rengu ngandika  
basakena sira iki  
nora milu lumaris  
teka malah sangker wuwus

gupuh mangsuli sabda  
Umarmaya matur aris  
inggih boten mugè rahayuweng lampah.

25. Ngandika mring Raden Maktal  
sira yayi milu mami  
Wong Agung ing Parangteja  
sandika matur wotsari  
Wong Agung angling malih  
marang sagung para ratu  
iya sapungkuringwang  
den padha angati-ati  
Umarmaya den agambuh tingkahira.

## V. WONG AGUNG RAWUH DHATENG NGABESI MUNDHUT LUWARIPUN PRABU NUSIRWAN

### GAMBUH

1. Jengkar lajeng ngadhatun  
sapraptane jro pura Wong Agung  
angandika marang Retna Muninggarim  
iya yayi mengko surup  
mring Ngabesi angkatingong.

2. Yayi Maktal kang milu  
lan Sekarduwi katelunipun  
langkung karsa kang garwa aturireki  
yen ta kenging amba matur  
yekti sakarsa kemawon.

3. Prapta ing wanci surup  
saking nagri Kaos angkatipun  
lampah dalu yen sayah kendel wanadri  
miwah namur aneng dhukuh  
angaku wong cilik Kaos.

4. Ing marga tan winuwus  
miwah ta wau sabranganipun  
pan cinendhak ing lampah pan sampun prapti  
ing nagrine Sadat Kabul  
Wong Agung marang kutha jro.

5. Nagri Ngabesi langkung  
ageng ajembar ing papanipun  
duk samana manjinge kitha ing wengi  
Wong Agung alampah pandung  
jujug taman kidul kulon.

6. Kiwa tan ana weruh  
heh yayi sira kariya tunggu  
Sekarduwi aja mingser saking ngriki  
sun dhewe yayi kang masuk  
marang sajroning kadhaton.

7. Ing lampah ingsun nambuh  
nora weh weruh ing praptaningsun  
lamun ingsun yayi kongsiya kepanggih  
lan si Raja Sadat Kabul  
arandhat ing lakuningong.

8. Mengkono yayi ingsun  
paran sira ing pikirireku  
nembah matur sumangga yen arsa aglis  
yen arsa tamban pukulun  
prayogi paduka ngaton.

9. Ora yayi sedyengsun  
pan nedya aglis kuwatir pungkur  
ya mulane sun lakoni laku maling  
pan wus rempeg ingkang rembug  
Wong Agung angkatira lon.

10. Panah gadane kantun  
pan namung pedhang gegamanipun  
lan jejiret sutra kemanden tan keru  
badhe marga lebetipun  
nyangking kertas lawan potlot.



11. Kasupen watekipun  
tilar insa Allah sabenipun  
mila keni senger siniku ing batin  
ya ta lampahnya wus rawuh  
bata bumining kadhaton.

12. Nguncalken jiretipun  
rinambatan prapteng jro pan sampun  
saben-saben bata kelir jroning puri  
mangkana ing lampahipun  
wus prapta jroning kadhaton.

13. Wau ta ingkang kantun  
Wong Agung Parangteja atunggu  
Sekarduwi cinuculan ingkang kambil  
pinurugaken gen rumput  
Maktal ngantuk sendhen kayon.

14. Warnanen kang lumebu  
prapteng jro pura ing tengah dalu  
lajeng jujuk pasareyan sri bupati  
sira Raja Sadat Kabul  
kapanggih guling angorok.

15. Ing dagane sang prabu  
kathah saosan janewer arum  
lawan agung pepanganan warni-warni  
munggeng wewadhah mas tatur  
sinotyia pating pancorot.

16. Gelas kang sandhing anggur  
Wong Agung aneng dagan adangu  
Raja Sadat Kabul Ngumar eca guling  
angadeg neng daganipun  
Wong Agung anulya lunggoh.

17. Munggeng ngiringanipun  
Wong Agung sigra anyandhak gupuh  
nginum anggur kalawan janewer wangi  
wonten kalabang meh ngantup  
panjang agenge sajempol.

18. Sang Raja Sadat Kabul  
sukune kang ngarsa dipun antup  
dyan ginitik ing potlot mring Jayengmurti  
punang kalabang wus lampus  
Wong Agung eram dennya non.

19. Mring pawestri kang turu  
bentet atap wong sadalem agung  
nora ana wong estri kuning sawiji  
ireng-ireng sadayeku  
pan warata lanang wadon.

20. Wong Agung nulya metu  
ngupaya wau panggenanipun  
mring kang rama Sri Naranata Medayin  
tinitik neng pandhapa gung  
kang akemit para katong.

21. Sirep sadayanipun  
neng pojok kidul wetan kadulu  
gumaremeng kurungan ageng kaeksi  
pinariksa isinipun  
estu kang rama sang katong.

22. Nanging sampun akuru  
langkung arisak sariranipun  
kari gagra kusika tur mempís-mempís  
Wong Agung cangkelak wangsul  
nulya sapraptanireng jro.

23. Ngambil janewer arum  
pepanganan jambu lawan anggur  
wangsul malih mring gene rajeng Medayin  
ngulungken sarya umatur  
gelas panganan maring jro.

24. Prabu Nusirwan mambu  
gandane ingkang janewer arum  
wus sawarsa tan kambon pan amung mangkin  
angarejet dagingipun  
wulune ngadeg mangkorog.

25. Sarya ngling sapa iku  
wengi-wengi weh janewer arum  
pan angulung aseret denira angling  
kang putra alon turipun  
kawula pun Jayengsinom.

## VI. WONG AGUNG KEJEGUR ING RAWA UPAS

### SINOM

1. Anangis Prabu Nusirwan  
paran solahira gusti  
dene nora gawa bala  
kang putra umatur aris  
inggih namung satunggil  
putra paduka kang tumut  
yayi mas Parangteja  
katiga pun Sekarduwi  
senggruk-senggruk Nusirwan sarwi ngandika.

2. Paran tingkahireng marga  
kulup praptanireng ngriki  
kaya paran karsanira  
umatur Sang Jayengmurti  
kawula amrih aglis  
inggih lampah cara pandung  
yen sampun dhahar tuwan  
inggih ing dalu puniki  
kula bekta medal anilib kewala.

3. Sigra denira nenurat  
ing potlot Sang Jayengmurti  
sakebat ing kretas pita  
tembunge heh yayi aji  
kang mengku ing Ngabesi  
sira Raja Sadat Kabul  
Ngumar ing praptaningwang  
ing prajanira Ngabesi  
mundhut Prabu Medayin sira kapanggya.

4. Arsa utusan kewala  
bok lawas ana ing margi  
dadya sun dhewe lumampah  
praptaningsun ing Ngabesi  
ana sajroning puri  
sira pan ketemu turu  
arsa ingsun gugaha  
aweh was-wasing aguling  
get-egeti yayi Sadat Kabul Ngumar.

5. Ana kalabang geng prapta  
arsa ngantup sira yayi  
sun gitik ing potlot pejah  
lan saosanira yayi  
kang mungging dagan nenggih  
anggur lan janewer arum  
pepanganan sun pangan  
inum sun inum sami  
aywa kaget Prabu Nusirwan sun gawa.

6. Sawusnya dadya kang surat  
sineleh ngiringan guling  
Raja Sadat Kabul Ngumar  
saksana sang Jayengmurti  
marang pandhapa aglis  
kurungan sigra pinanggul  
medal ing pager bata  
ingulur jejiret nuli  
saben manggih bata inguluran samya.

7. Sapraptaning jawi pisan  
enggene Maktal anganti  
winedalaken Nusirwan  
saking kurungan wus mijil  
Wong Agung gya ngabekti  
rinangkul sarya sru muwus  
sigra Sang Arya Maktal  
angaras pada sang aji  
atetanya Nusirwan sarya karuna.

8. Padha becik kang tinilar  
iya nini Muninggarim  
apa dene sutanira  
putuningsun kaki aji  
Kobat Sarehas ugi  
miwah sagung para ratu  
kang putra matur nembah  
inggih sadaya basuki  
amung wayah Tuwan Maryunani pejah.

9. Kalawan putra paduka  
ibune inggih ngemasi  
angungun jelih karuna  
sigra Prabu Nyakrawati  
katur purwane nguni  
Nusirwan asenggruk-senggruk  
nora lawas neng donya  
putuningsun Maryunani  
kang atuwa mene angur palastraa.

10. Dadi nora duwe kadang  
putuningsun kaki aji  
Bathara Kobat Sarehas  
mung putuku Kuraisin  
pan kedhana-kedhini  
samengko wayah ngong iku  
sawusnya dangu ngatag  
Wong Agung Surayengbumi  
yayi Maktal jupuken Sekarduwijan.

11. Arya Maktal sigra kesah  
turangga dangu tan panggih  
ksesah doh dennyia memangan  
langit wetan sirat abrit  
sigra nusul ngulati  
Wong Agung mring Sekrdiyu  
kantun prabu Nusirwan  
warnanen nagri Ngabesi  
wonten rawa pasir upas paleburan.

12. Kidul kilening kadhatyan  
tubon wana nguni-uni  
umbul wedhi tanpa toya  
panase angleliwati  
sagung wong dosa pati  
Ngabesi cinemplung ngriku  
methel kulit dagingnya  
mopol awak balung neki  
lamun pukul sawelas umob walikan.

13. Marine ing umobira  
pukul setengah pat mari  
sadalu pisan tan obah  
mung ririh pating kacumik  
tan kena den anciki  
pinggire kaliwat lunyu  
sato kang manjing samya  
sapandurat ajur sami  
pinarekna ing pinggire lumba-lumba.

14. Wong Agung datan uninga  
yen ana pasir serani  
winastanan ara-ara  
kasasar kaplesed manjing  
wus karsaning Hyang Widi  
tan bisa mentas Wong Agung  
busananira sirna  
amung lancingan kang maksih  
taweng upas kemanden saking Ngajerak.

15. Wau ta kang kawarnaa  
kang mentas wungu aguling  
Raja Sadat Kabul Ngumar  
sesotya sri nara pati  
kagyat dennyta ningali  
janewer tabet den inum  
aningali kalabang  
pejah neng daganireki  
mengo nganan aningali ana surat.

16. Kagyat anulya cinandhak  
winaos sinukmeng galih  
tebunging surat kadriya  
ningali ratu kang kemit  
lan sagung pra dipati  
tedhak paningrat sang prabu  
asru dennya ngandika  
gusti raja Arab prapti  
wengi iki anggawa Prabu Nusirwan.

17. Kapat padha siyagaa  
turana kendel rumiyin  
iya sadina kewala  
sokur kongsi tigang ari  
pan ingsun arsa bekti  
nenuwun apuranipun  
sigra sagung punggawa  
budhal sang nata pribadi  
bala amung saakacandhake kewala.

18. Wonten turangga saleksa  
nitih kuda sri bupati  
Raja Sadat Kabul Ngumar  
sampun byar prapta ing jawi  
panggih rajeng Medayin  
datan ana rowangipun  
tedhak sigra sang nata  
marang gen nteng Medayin  
pan kinubeng dening saprajuritira.

19. Kathah sumusul kang prapti  
para ratu pra dipati  
prajurit mantri satriya  
umatur nateng Ngabesi  
marang Prabu Medayin  
putra paduka pukulun  
wonten pundi samangkya  
Wong Agung Surayengbumi  
megap-megap lingira Prabu Nusirwan.

20. Mariku ngilen lampahnya  
ngulati ingkang turanggi  
anusul ing Arya Maktal  
Raja Sadat Kabul aglis  
sigra nusul priabdi  
mangilen ing bata ngidul  
jog pasir paleburan  
ana tabe manungseki  
kapelesed kalebu talaga upas.

21. Nulay ngidul malih panggya  
Maktal asendhen kusambi  
ngantuk Sadat Kabul Ngumar  
tatanya sira neng ngriki  
Wong Menak aneng pundi  
Raden Maktal aturipun  
kantun wau alenggah  
lan kang rama ing Medayin  
ingsun kinen angulati kang turangga.

22. Sigra Sadat Kabul Ngumar  
wangsul marang pasir malih  
tinggalan tapakira  
estu yen kalebeng pasir  
karuntege katawis  
jro paleburan ngeduwul  
asru dennyng ngandika  
sang nata mring pra dipati  
nora kena tinututan raja Arab.

23. Wong Agung Surayengjagad  
sayekti wus angemasi  
ika mau Arya Maktal  
ugeren wir nagasari  
gustine wus ngemasi  
yaiku dimene lampus  
tumandang pra dipatya  
Maktal kinarubut keni  
pan ginodhi munggeng witing nagapuspa.



24. Mantri kawanatus samya  
satus ingkañg pra dipati  
lan sawadya balanira  
wangsul umarek ing gusti  
katur saaturneki  
sigra mangkât sang aprabu  
marang gene Nusirwan  
prapta ngling rajeng Ngabesi  
kadi pundi putra paduka wus pejah.

25. Wonten pasir paleburan  
adate sanadyan wesi  
ajur sampun kang manungsa  
mangsa kanggeya salingsir  
mopol adate nguni  
kula umatur satuhu  
paduka ngandikaa  
inggih pangandika pasthi  
tetilare sadaya Sang Kakungingrat.

26. Balane miwah kang garwa  
yen maksih rajeng Ngabesi  
Raja Sadat Kabul Ngumar  
sayektine boten keni  
rinengkuh liyan nenggih  
marang sagung para ratu  
yen paduka tan lilah  
pasrah garwa bala Amir  
sayektine paduka kawula lunas.

27. Lah daweg tuwan pilih  
pasrah lawan angemasi  
kabutih Prabu Nusirwan  
sumaur sarwi anangis  
yen estu angemasi  
iya Menak Jayengsatru  
apa sakarsanira  
garwane miwah wadyeki  
sun anurut sigra Sadat Kabul Ngumar.

28. Manembah angaras pada  
wau sang Raja Ngabesi  
mrang Sang Prabu Nusirwan  
sgra angundhangi dasih  
sagung kang pra dipati  
tuwin punggawa gung-agung  
ratu kang pitung nambang  
punggawa kang tigang kethi  
para mantri sayuta sami sanega.

29. Wadya lit tanpa wilangan  
budhal Sang Rajeng Ngabesi  
marang ing Kaos nagara  
Sri Nusirwan pan kinanthi  
ngaturan nitih esthi  
wadya kadi wukir kapuk  
katrajang ing prahara  
kehing wadya rebat margi  
pan maledug angebeki wana pringga.

30. Kuneng kang maksih lelampah  
wuwusen Umarmayeki  
kang aneng Kaos nagara  
supena sang Jayengmurti  
kalebu aneng pasir  
kaserakat tingkahipun  
enjing Marmaya ngucap  
mring Lamdahur Umarmadi  
lah kariya ingsun arsa anusula.

31. Den angati-ati padha  
pamit sira Sang Dipati  
Tasikwaja sgra mesat  
nampel wentisira kalih  
mesat saengga thathit  
tigang wulan lampahipun  
kinarya tigang dina  
tan kapethuk wong Ngabesi  
sanes marga Ki Umarmaya wus prapta.

32. Nagari Ngabesi enjang  
semune praja amamring  
Dyan Umarmaya tetanya  
mindha wong saking agrami  
saure mila sepi  
sang nata kesah anglurug  
marang Kaos nagara  
mundhuti garwanira Mira  
sabalane jer Wong Menak wus palastra.

33. Aneng pasir paleburan  
Sang Dipati Guritwesi  
wau kalané miyarsa  
kumepyur tyasira angling  
lah prenahe ing pundi  
pasir paleburan niku  
ing ngrika kilen bata  
kadhaton bing kidul kedhik  
rawa upas Ki Umarmaya gya mesat.

34. Prapteng pasir paleburan  
gya ngrasuk wasiyat nabi  
kemanden topeng Suleman  
tawa ing upas lan api  
Dyan Umarmaya minggir  
pan sarwi anguwuh-uwuh  
Wong Agung pan miyarsa  
nanging tan saged nauri  
ing tyas pasrah manggih dedukane Sukma.

35. Ki Umarmaya ambekta  
sarbat usada kang manis  
karunteging paleburan  
Dyan Umarmaya kadugi  
saksana mesat prapti  
kekejer kadi kekupu  
Marmaya aolia  
karamate den simpeni  
durung wedhar pamedhare panampungan.

36. Mangkana obahing toya

mengkab paleburan pasir  
winyak nulya katingal  
wau Menak Jayengmurti  
anulya den inumi  
tumetes kang srebat arum  
manjing rasa grahita  
anggaotanira urip  
dyan tinarik mentas marang ing dharatan.

37. Wong Agung pan tinangisan  
pan sarwi den usadani  
pinundhutaken busana  
saking sajroning kekandhi  
waluya Jayengmurti  
bagas kadya warasipun  
eca samya dhaharan  
wuwusen pun Sekarduwi  
mantuk marang panggonane Arya Maktal.

38. Mantri kang abaris jaga  
tigang ewu winitawis  
ingamuk Sekarduwijan  
nujah mengkal berik-berik  
geger gumrubbyuk sami  
wong agung kalih angrungu  
kadya swaraning aprang  
gupuh mariksa marani  
kawistara angamuk Sekarduwijan.

39. Angalingi Arya Maktal  
Marmaya wangsul turnya ris  
punika turangga tuwan  
lan rayi paduka gusti  
pun Maktal dipun godhi  
aneng witing nagasantun  
sigra anarik pedhang  
mangsah wong agung kekalih  
bubar larut kang ingamuk kathah pejah.

40. Wong Agung ing Parangteja  
godhine wus den tatasi

luwar saking nagapuspa  
ngabekti sarwi anangis  
wau pun Sekarduwi  
kendel denira angamuk  
Maktal kinen memangan  
juwadah saking kekandhi  
sampun pulih sarirane Arya Maktal.

41. Mangkat pra samya mring taman  
wong agung katiga prapti  
samyasiram sakeca  
sawusnya busana sami  
lenggah tepining beji  
maruta marwaseng santun  
sekar babar angambar  
sumrah sarira gandra mrik  
asanega busana kapraboning prang.

42. Turangga Sekarduwijan  
pan sampun den kekambili  
kawot sakapraboning prang  
wuwusen kang para mantri  
tuwin kang pra dipati  
ingkang samya kepalayu  
katur mring ratunira  
prabu anom ing Ngabesi  
kang tanaya dening Sadat Kabul Ngumar.

43. Nama Sadat Kadarisman  
kesahing bapa sumilih  
duk wau myarsa turira  
punggawa kang kasor jurit  
mengsah lawan turanggi  
kabutuh wong agungipun  
prapta amung tetiga  
Kalana Surayengbumi  
gya siyaga tengara amagut ing prang.

44. Dedeg pitung dasa egas  
Prabu Anom ing Ngabesi  
sembada dedeg parusa

ing ngayuda pilih tandhing  
sadereng madeg aji  
kala kasatriyanipun  
tate bedhah nagara  
ambanda para narpati  
prawirane Prabu Jaka Kadarisman.

45. Prakosa ngluwihi bapa  
miwah dhapure ngluwihi  
mangkana punggawanira  
Prabu Anom ing Ngabesi  
saleksa kalih kethi  
para ratu kawan atus  
sanya ratu prakosa  
saking kayane pribadi  
ratu samas wus siyaga ing ngayuda.

46. Budhal Sadat Kadarisman  
Prabu Jaka ing Ngabesi  
nanging tyasira sandeya  
dene mungsuh iki gusti  
gustine jeng rama ji  
dadya ing prang mangu-mangu  
anutuh mring kang rama  
pagene amungsuh gusti  
iya ngadu para prabu prang kenaka.

## VII. KADARISMAN, RAJA PUTRA NGABESI TELUK DHATENG WONG AGUNG

### PANGKUR

1. Gumuruh tengara budhal  
sanalika kendel neng marga nganti  
langkung wagugen ing kalbu  
sira sang Prabu Jaka  
Kadarisman paran iki tingkahingsun  
amungsuh lamun duduwa  
Wong Agung Surayengbumi.

2. Ing wuri saya gung prapta  
kang prajurit prawira para mantri  
pating kacecer kang nusul  
miwah kang pra dipatya  
para nata sawadya bala gumuruh  
sakapraboning ngayuda  
andher neng ngarsanireki.

3. Sang Prabu Jaka ngandika  
mring punggawa pinisepuh tinari  
heh apa wadine iku  
mungsu kang aneng taman  
Jayengmurti gustine wong tuwaningsun  
mengko malih dadi mengsah  
apa linawan ing jurit.

4. Punggawa tuwa turira  
yen suwawi gusti nungkula aris  
sampun umagut prang pupuh  
satemah manggih papa  
mengsah gusti tindak apa kang tinemu  
Prabu Jaka angandika  
iya bener turireki.

5. Nanging ingsun arsa wruha  
kasektene Wong Agung Jayengmurti  
dadar kaprawiraningsun  
yen ingsun wis kasoran  
nora wurung ingsun dadi abdinipun  
lah payo bapa budhalna  
angepung ing tamansari.

6. Sigra kang bala sumahap  
panganjure kathah turangga esthi  
prapteng taman sigra ngepung  
kalimput pager bata  
Prabu Jaka neng wurining barisipun  
sarwi manggung neng dipangga  
wadya kinen anyuraki.

7. Kagyat wau Raden Maktal  
duk miyarsa swaraning baris prapti  
sigra wedale andulu  
satriya Parangteja  
sareng mulat tetela mengsah geng rawuh  
sigra wangsul tur uninga  
wauta sagunging baris.

8. Gumuruh surak ing jaba  
samy surak wong Arab mengko prapti  
mring ngendi paranireku  
ngungsekken nyawanira  
duk miyarsa Wong Agung alon andangu  
heh yayimas Parangteja  
iki bala ing Ngabesi.

9. Sapa pangiriding aprang  
apa ulubalang apa putra ji  
Raden Maktal awot santun  
inggih pun Kadarisman  
anak Kabul Ngumar kang umadeg prabu  
sigra Wong Agung siyaga  
anitih pun Sekarduwi.

10. Nulya medal saking taman  
Raden Maktal lan Umarmaya ngiring  
prapteng jawi taman santun  
Wong Agung sigra ngetab  
turangane pun Sekarduwijan mamprung  
prenahira Prabu Jaka  
pineleng pan sampun prapti.

11. Wong Agung asru ngandika  
heh ta sira suteng ratu Ngabesi  
anake si Sadat Kabul  
sira atmaja tuwa  
kawruhana iya dhingin wong tuwamu  
anting-antinge sun alap  
sah saking astane kalih.



12. Mesem sarwi narik pedhang  
angayati saking luhuring esthi  
sasolahira amuwung  
Wong Menak aneng kuda  
duk lumarap sinangga tinampel runtuh  
sigra astane cinandhak  
sinendhal saking ing esthi.

13. Binantingaken dipangga  
gajah rebah sareng putra Ngabesi  
gumuling siti sru kantu  
Wong Agung narik pedhang  
mangsah ngamuk ing wadya prajuritipun  
geger ingkang tinarajang  
busekan sagunging baris.

14. Umarmaya Raden Maktal  
mangsah ngamuk sarwi bandhang turanggi  
rusak ingamuk samya  
dyan Wong Agung kalih wangsul wus angumpul  
ing gusti Sang Kakungingrat  
enggene putreng Ngabesi.

15. Gumuling maksih kantaka  
tinalenan marang Umarmayeki  
ginodhi sariranipun  
Wong Agung Parangteja  
sigra gugah heh anake Sadat Kabul  
pagene pijer anendra  
tangiya padha prajurit.

16. Sinentak talinganira  
kagyat wungu raja putra Ngabesi  
badan sampun winayuyung  
anangis atur tobat  
kula boten telad pun bapa rumuhun  
sumangga ing gusti Ambyah  
ing sakarsa pati urip.

17. Wong Agung alon ngandika  
lamun sira tuhu ingsun uripi

bok tiru lir wong tuwamu  
si Sadat Kabul Ngumar  
wus ajanji temah durjana ing pungkur  
matur nembah Prabu Jaka  
pukulun datan angipi.

18. Lamun kadosa pun bapa  
tuwan aben amba purun mejahi  
dhateng pun bapa pukulun  
wong mungkir kabecikan  
Jayengmurti, suka denira angrungu  
godhine wus inguculan  
sinelamaken nulya glis.

19. Kinekep-kekep priyangga  
mring Wong Agung nungkemi pada kalih  
sawusnya manembah gupuh  
ing Raden Tasikwaja  
miwah marang satriya Parangtejaku  
matur ngesrahken nagara  
mring Wong Agung Jayengmurti.

20. Miwah saisining pura  
ingatan wau wong agung katri  
samyatumameng kadhatun  
sapraptanireng pura  
pra dipati Ngabesi wus samya kumpul  
sumiwi ing panangkilan  
Wong Agung Jayadimurti.

21. Wong Agung duk siniwaka  
sawijile saking ing dalem puri  
lenggah ing made manguntur  
nimbali pra dipatya  
miwah sagung ulubalang wus angumpul  
sakarine para raja  
sumiwi ing Jayengmurti.

22. Wong Agung asru ngandika  
heh sakehe punggawa ing Ngabesi  
padha ngestrenana iku

si Sadat Kadarisman  
sun degaken narendra Ngabesi tuhu  
anggentenana ing bapa  
angreha nagri Ngabesi.

23. Yen ana kang para raja  
myang satriya punggawa ing Ngabesi  
kang mangkelang nora anut  
mring gegaweyaningwang  
umaguta ing prang mungsuh lawan ing sun  
apragola pupu jangga  
arok bandawala pati.

24. Sagung kang myarsa sadaya  
para ratu satriya pra dipati  
ature pra samya nuhun  
tan wonten kang mangkelang  
sampun menggah kang darbe waris puniku  
sanadyan wong liwat dalam  
yen tuwan karsakna dadi.

25. Wong Agung malih ngandika  
lan maninge besuk sapungkur mami  
yen si Kadarisman iku  
wuri mardut maring wang  
punggawane kabeh sun tumpesi iku  
sadaya matur kukila  
Sang Prabu Jaka nulya glis.

26. Sujud ing ngarsanira-Mbyah  
asupata bupati anekseni  
sawusnya lajeng anayub  
atur wus tinarima  
Prabu Sadat Kadarisman setyanipun  
aramé denny bojana  
nutug suka-suka sami.

27. Anelas denny bojana  
sesaosan tumpa salin sumalin  
awatara pitung dalu  
Wong Agung sukan-sukan

neng Ngabesi denny ngadegaken ratu  
marang Sadat Kadarisman  
sungkeme angasmarani.

## VIII. NAGARI KAOS KADHATENGAN MENGSAH ASMARADANA

1. Wong Agung anulya pamit  
marang Sadat Kadarisman  
arsa kondur marang Kaos  
Raja Sadat Kadarisman  
kedah tumut saparan  
lawan saprajuritipun  
ratu satriya punggawa.
2. Sakantune wong Ngabesi  
kang binekta mring kang rama  
anglurug mring nagri Kaos  
wuri samya pinacekan  
purun ginadhang-gadhang  
mengsah lan wong tuwanipun  
cinegah-cegah ameksa.
3. Dadya Wong Agung nuruti  
pameksane Prabu Jaka  
neteg tengara kendhang gong  
gumuruh wong sanagara  
samy samekteng yuda  
sumahab kang wadya kumpul  
gegaman tanpa wilangan.
4. Budhal saking ing Ngabesi  
kadya samodra balabar  
wutahing bala gora reh  
mamreg giri gara-gara  
ujwalaning busana  
kadya girindra katunu  
gempur sajembaring wana.

5. Kang tengga nagri Ngabesi  
amung punggawa santana  
ing kang binekta peparon  
samam ing kang para raja  
dhomas bupati nira  
nyaleksa prajuritipun  
saben bupati satunggal.

6. Kang wadya para narpati  
nyakethi prajuritira  
marma kadi samodra rob  
kuneng kang lagya lelampah  
ganyu kang kawuwusa  
lampahira Sadat Kabul  
Ngumar lan Prabu Nusirwan.

7. Prapta ampeyan Medayin  
Sang Prabu Hirman miyarsa  
lamun kang rama rawuhe  
sigra parentah ing patya  
ngrukti sugatanira  
Raya Hirman sigra methuk  
lawan kang rayi kalihnya.

8. Miwah sira ratu Jobin  
tundhuk samya ngaras pada  
pra putra lara tangise  
ganyu ganyu para raja  
miwah Kya Patih Bestak  
sira Raja Sadat Kabul  
Ngumar pan wus ingancaran.

9. Masanggrahan sawadyeki  
aneng sawawining kitha  
dulur selur sesuguhe  
pra samya sukaning driya  
enjang samekta budhal  
sawadya bala wus kebut  
laju mring Kaos nagara.

10. Ginelak lampahing baris  
kang lumampah munggeng ngarsa  
Prabu Jobin sabalane  
wadya Medayin wurinya  
ing marga tan winarna  
nagari Kaos wus rawuh  
Raja Sadat Kabul Ngumar.

11. Lan Sang Prabu ing Medayin  
lajeng samya masanggahan  
Sang Prabu Jobin nulya ge  
wong desa Kaos ngundhangan  
atur sesegahira  
wau Raja Sadat Kabul  
gunem lan Prabu Nusirwan.

12. Sarembugira wus dadi  
lan nateng Kaos nagara  
Jobin miwah para katong  
lamun salin senapatya  
misesa pangrehing prang  
murwani ing reh tetunggul  
Raja Sadat Kabul Ngumar.

13. Ing Kaos kinepung kikis  
sagung para ratu Arab  
maksih apajeg barise  
denira samya rumeksa  
ing gusti Prabu Jaka  
Kobat Sarehas tan surud  
tyasing kang para narendra.

14. Mangkana dina sawiji  
Prabu Sadat Kabul Ngumar  
parentah ing para katong  
tengara umijil ing prang  
muntab bala sumahab  
kadya kang wiyati tedhuh  
dhedhet gameng alimengan.

15. Kadya robing jalanidhi  
sigra Sadat Kabul Ngumar  
nitih dipangga binarong  
mangсах marang rananggana  
sagung bala nata-Mbyah  
barise wus mijil dangu  
siyaga jawining kitha.

16. Sri bupati ing Serandil  
Marmadi Kohkarib raja  
panutaning para katong  
lan Tamtanus nateng Yunan  
samyā ratu pangarsa  
misesa murweng prang pupuh  
tetungguling ranggana.

17. Wau ta rajeng Ngabesi  
nengah asru asesumbar  
mirungu marang mungsuhe  
heh sakehe bala Ngarab  
punggawa para raja  
tanpa ngrasane kalangkung  
ambeke lumuh nungkula.

18. Dene gustine wus mati  
aneng pasir paleburan  
sira dadak wani mogok  
tan ana angesrahena  
marang putri Muninggar  
pan iku kagunganingsun  
kang sira kukuhi padha.

19. Heh ta sagunging para ji  
yen tumrapa pepanganan  
kang luwih asoring-asor  
tan ana kang sudi mangan  
yen sira metu ing prang  
tan ana rasane arus  
anistha kaskayaniṛa.

20. Sapa kang sudi ngambuli  
mangkana duk amiyarsa  
kadya ginosong mukane  
sira sang prabu ing Selan  
mangsah nitih dipangga  
wong Ngarab surak gumuruh  
Lamdahur miyos ing yuda.

21. Ing pabaratan wus panggih  
lawan Sadat Kabul Ngumar  
ayun-ayunan kalihe  
angling Sadat Kabul Ngumar  
heh sira rajeng Selan  
gedhe dhuwur tanpa kusur  
angukuhi darbekingwang.

22. Iki bathareng Medayin  
wus apasrah marang ingwang  
yen Muninggar somahingong  
lawan sabalane pisan  
dadi boyonganingwang  
nauri sugal Lamdahur  
Kabul Ngumar haram jadah.

23. Sira iku sun arani  
dudu ratuning manungsa  
pantese ratuning sato  
pan sira cidreng ubaya  
dudu traping narendra  
pan sira wus utang umur  
ing gusti Sang Kakungingrat.

24. Sira buwang anting-anting  
mengko dadak gawe polah  
durjana polahing sato  
ilang kramaning narendra  
nganggo tingkah urakan  
yen maksih urip Lamdahur  
tan kalakon sedyanira.



25. Malah sira bakal mati  
katiban ing gadaning wang  
miyarsa langkung runtike  
Raja Sadat Kabul Ngumar  
sigra melak dipangga  
ginada Prabu Lamdahur  
tinangkis ing banda baya.
26. Rosane ingkang anggitik  
kuwate ingkang anangga  
gurnita mubyar agnine  
sigra Sang Prabu ing Selan  
males amuter gada  
rajeng Ngabesi pinupuh  
oreg bantala paprangan.
27. Anglumba kang ponang esthi  
Raja Sadat Kabul Ngumar  
kasingsal adoh tibane  
tangine anarik pedhang  
Prabu Lamdahur sigra  
saking dipangga tumurun  
nadhahi pedhang-pinedhang.
28. Sadina denira jurit  
rame tan ana kuciwa  
oter gumuruh surake  
antuk sisih kang ayuda  
samyu ratu digdaya  
daluh tinetegan mundur  
kalihe makuwon samya.
29. Lamdahur manjing kitha glis  
lawan sagung para nata  
baris Arab manjing kabeh  
ing daluh samya bujana  
Prabu Kobat Sarehas  
kang samya tetep pinangku  
sarehne kang binathara.

30. Angling Prabu ing Serandil  
marang sagung para nata  
mungsuhi iki prapta maneh  
malu lawan ingsun aprang  
si Sadat Kabul Ngumar  
mukir marang gustiningsun  
ambalik tiru si Bahman.

31. Panggadane sun tadhahi  
ya si Sadat Kabul Ngumar  
ukur-ukur nora abot  
pra samya ngungun miyarsa  
sagunge para raja  
denira bujana nutug  
enjing asaos ing yuda.

32. Mungsuhi tan ana miyosi  
lagya mikir pangupaya  
amet ing cidra guneme  
ngulati maling digdaya  
upama prang satmata  
yekti wrat sesangganipun  
saguning bala nata-Mbyah.

33. Upama pinet ing silib  
sayekti bongoh kewala  
para ratu sesanggane  
tan ana waged prang cidra  
liyane Umarmaya  
Umarmaya lagya nusul  
marang Ngabesi nagara.

34. Dadya ing wuri asepi  
mila Sadat Kabul Ngumar  
myang ratu Jobin rembuge  
ngupaya maling prawira  
winuwus sayembara  
mangkana wonten kang sanggup  
saking nagari ing Dara.

35. Punika ingkang nanggupi  
anumpes kang para raja  
pinet ing dalu gelare  
Sang Bandarjani namanya  
tuhu maling aguna  
binekta ing ngarsanipun  
Raja Sadat Kabul Ngumar.

36. Lawan Prabu ing Medayin  
miwah Jobin sayembara  
kinarya ratu ebange  
Bandarjani tur sandika  
gagrak sagah samangsa  
numpesa kang para ratu  
ingiden marang Nusirwan.

37. Sigra Pothet Bandarjani  
daluh denira lumampah  
tanpa rewang amung dhewe  
Ki Pralenthe lampahira  
Bandarjani saksana  
manjing ing pukul sapuluh  
marang jro kutha anjajah.

38. Pakuwon para narpati  
diningkik sami winawas  
tinandukan sesirepe  
sirepe datan tumama  
sagung kang para nata  
rinekseng punggawanipun  
agilir tan ana nendra.

39. Dadya amubeng sawengi  
pakuwon kang para raja  
siji tan ana kang sare  
malah meh gagat rahine  
nulya wau tumingal  
wonten pasareyan samun  
mung pawestri kang atengga.

40. Sirep tan ana ngulisik  
pawestri nendra sadaya  
ing dagan kanan keringe  
Ki Pralenthe sigra dennya  
mrepeki sarta mawas  
iki baya ratu agung  
beda lawan para raja.

41. Miwah pasareyaneki  
rerenggan nila pekaja  
manik retna sadayane  
lelungsir kinarawistha  
ing sesotya mutyara  
eram denira andulu  
tepase prabu taruna.

## IX. PRABU KOBAT SAREHAS PEJAH CINIDRA ING MENGSAH

### SINOM

1. Narpati Kobat Sarehas  
lagya kapati aguling  
mrepeki maling aguna  
Ki Pralenthe Bandarjani  
sigra anarik seking  
kang sare cahyane mancur  
sang pandang tan uninga  
yen wayah nateng Medayin  
dyan tinigas murdane Kobat Sarehas.

2. Pisah utamangganira  
tinalar maling wus mijil  
nanging akuthah ludira  
kuneng wonten kang winarni  
ingkang nganglang ing wengi  
patihe Umarmayeku

nama Raden Sihngiyar  
kapethuk butulan wingking  
anggraita tyasira Raden Sihngiyar.

3. Wong mijil saking butulan  
sariranya pulang getih  
pinegatan wus cinandhak  
sinikep tan bisa osik  
uwal meksa nguwati  
tan osik panyikepipun  
kuwat Raden Sihngiyar  
wus katalen ponang maling  
dyan tiniti rinarimuk tinakonon

4. Sru angling Raden Sihngiyar  
angakuwa sun takoni  
sawadine lakunira  
saking jro akuthah getih  
yen kumbi sun pateni  
Bandarjani alon matur  
kula inggih cundaka  
saking prabu ing Medayin  
lawan saking Raja Sadat Kabul Ngumar.

5. Kula kinen lampah cidra  
numpes ing dalu para ji  
nanging datan antuk karya  
sagung kang para narpati  
sadalu tanpa guling  
dadya kawula anglantur  
dhateng jro pura pisan  
wonten narpati aguling  
bagus anom pan sampun kawula tigas.

6. Sru krodha Raden Sihngiyar  
miyarsa aturing maling  
anarik pedhang anulya  
pinedhang kang ponang maling  
pagas jangganireki  
Sihngiyar sigra malebu  
praptaning pasareyan

estu kalamun ngemasi  
gilang-gilang Sang Prabu Kobat Sarehas.

7. Gya opyak Raden Sihngiyar  
kagyat wong sajroning puri  
angrubung samya karuna  
mring prabu jaka kang lalis  
miwah kang ibu aglis  
ngrungkebi layoning sunu  
Sihngiyar sigra medal  
mangsuli kunarpeng maling  
byar rahine ngubengaken utamangga.

8. Sawadya kaumarmayan  
wus samya methuk angiring  
ing lurah Raden Sihngiyar  
bekta bandera sasupit  
lawan bendhe satunggil  
angiring sirahing pandung  
ngubengi pamondhokan  
Sihngiyar undhangireki  
kawruhana sagung para raja-raja.

9. Sira padha tanpa guna  
tiwas rumeksa ing gusti  
kalebon sandi upaya  
Prabu Jaka angemasi  
tinigas dening maling  
maling panggawening satru  
lah padha tingalana  
sagung satriya bupati  
tiwasira sagung para raja-raja.

10. Sagung kang samya miyarsa  
undhang samya malayoni  
nangis ngarsane Sihngiyar  
sagung kang para narpati  
ingatag manjing puri  
sagung para kaumipun  
samya angresikana  
layoning gusti sang pekik  
kadya guntur tangise sajroning pura.

11. Undhange Raden Sihngiyar  
temu gelang angubengi  
sagung kang para narendra  
aminta apuraneki  
marang kang antuk maling  
Raden Sihngiyar rinubung  
samyasrah pati tiwas  
rembag pepulihing jurit  
sabayantu sagung para raja-raja.

12. Lan undhang suka pratandha  
nugel buntuting turanggi  
saguning kawula Arab  
langkung denira prihatin  
miwah sang raja putri  
Muninggar tangise asru  
nguswa layoning putra  
sariranya gubras getih  
saking sanget anguswa layoning putra.

13. Tanbuh-tanbuh solahira  
angadeg aniba tangi  
yayah tan papanon ing rat  
mangkana cethinireki  
Kusuma Muninggarim  
prasamyasungkawanipun  
miyat ing gustinira  
wonten parekan satunggil  
anggrahita atur uninga kang eyang.

14. Inya lumajeng karuna  
mring bathara nyakrawati  
praptaning pakuwonira  
sang aprabu ing Medayin  
inya matur wotsari  
yen wayah tuwan pukulun  
Prabu Kobat Sarehas  
keni cidra wus ngemasi  
pan katigas dening pun maling aguna.

15. Malinge inggih kacandhak  
tinigas murdanireki  
kumepyur tyasnya miyarsa  
Sri Bathara Nyakrawati  
karaos jroning galih  
kang ngidini pandungipun  
kesah Prabu Nusirwan  
anangis mring gen kang sepi  
sesambate karuna kadya wanodya.

16. Langkung sungkawaning driya  
prihatin nateng Medayin  
ngungun anutuh sarira  
munggeng gon mamring anjengking  
dhuh babo putu mami  
adhuh-adhuh mati adhuh  
sapa pantes madega  
binathara nyakrawati  
lan si Hirman pantes si Kobat Sarehas.

17. Pan kadya tan panon ing rat  
Sri Maha Nateng Medayin  
nengna kang anggung sungkawa  
wau sang nateng Ngabesi  
nuju dina sawiji  
neteg kendhang gong gumuruh  
muntab wadya wurahan  
kang mijil atata baris  
wus apasang Raja Sadat Kabul Ngumar.

18. Ratu miwah pra dipatya  
akubeng nindhihi baris  
miwah para ratu Arab  
wus mijil angirid baris  
wau nateng Ngabesi  
anitih turangganipun  
asri ingkang busana  
neng papan aminta tandhing  
kembulana iki Sadat Kabul Ngumar.



19. Yata tan betah miyarsa  
Raja Sarsaban Pirkari  
amit miyosi ngayuda  
angagem gadane kalih  
sarwi nitih turanggi  
neng rananggana wus pangguh  
lan Sadat Kabul Ngumar  
tetanya nateng Ngabesi  
heh ta sapa aranmu prajurit tuwa.

20. Dene mapag yudaningwang  
dudu sang rajeng Serandil  
sira iku wong wis tuwa  
kumudu ngadoni jurit  
angling rajeng Pirkari  
prajurit bumi pan ingsun  
araningsun Sarsaban  
pamanane ratu Jobin  
nanging ingsun suwita Sang Kakungingrat.

21. Dene ingsun tan sembada  
momong marang ratu Jobin  
sun buwah Kaos nagara  
heh payo rajeng Ngabesi  
sira iki wong balik  
dudu pambekane ratu  
krodha Sri Kabul Ngumar  
Raja Sarsaban binindi  
rame tangkis-tinangkis gada-ginada.

22. Kuneng sakala kang aprang  
kagyat kang samya ningali  
lebu limengan pak-ampak  
tedhuh dhedhet erawati  
gegaman geng kang prapti  
gumrudug swaraning tambur  
kendhang gong asauran  
sarunen pating jalerit  
kang salompret sewu barung aneng ngarsa.

23. Wong Ngarab gupuh tetanya  
iki bala saking ngendi  
saure kang tinakonan  
pan iki bala Ngabesi  
ngiringken gusti Amir  
punika kang aneng pungkur  
garjita bala Arab  
wau ta sang Jayengmurti  
anglancangi prapteng ngarsaning gegaman.

24. Raja Sadat Kabul Ngumar  
mulat Jayengrana prapti  
sigra anyamethi kuda  
lumayu ngungsi wanadri  
Sarsaban malayoni  
tundhuk lan sang Jayengsatru  
ngabekti ngaras pada  
punika rajeng Ngabesi  
prang lan amba lumajeng mulat ing tuwan.

25. Wong agung nulya parentah  
mandhega sagunging baris  
sun nututi Kabul Ngumar  
sigra sang rajeng Serandil  
nitih gajah nututi  
mring gusti sang Jayengpupuh  
bebujung Kabul Ngumar  
ngandika sang Jayengmurti  
sira bapa Sarsaban angur baliya.

26. Dene sira wong wis tuwa  
yayi prabu ing Serandil  
iku bae milu ring wang  
tur sembah rajeng Pirkari  
sigra wong agung kalih  
nusul anututi asru  
panandering turangga  
miwah sang rajeng Serandil  
sru kinetap anander dipanggaira.

27. Raja Sadat Kabul Ngumar  
anilap saengga pitik  
mulat ing wulung memangsa  
tan wruh ing solahireki  
meh parek Jayengmurti  
sesumbar anguwuh-uwuh  
heh Sadat Kabul Ngumar  
mandhega padha prajurit  
wong wus cidra dadak nganggo tundhabema.

28. Raja Sadat Kabul Ngumar  
kabutuh sayah tan sipi  
Wong Menak apan meh nyandhak  
Kabul Ngumar aningali  
wismeng brahala siji  
enggone pinggir delanggung  
lawange nuju menga  
sigra mudhun saking wajik  
manjing wismeng brahala kuda kawuntat.

## X. DEWI MUNINGGAR BELA ING PUTRA

### PANGKUR

1. Wong Agung sapraptanira  
aningali marang rajeng Ngabesi  
saking turangga tumurun  
anut ing Kabul Ngumar  
manjing wismeng brahala angambil gupuh  
jejiret kemanden sutra  
kang saking Bagendha Kilir.

2. Raja Sadat Kabul Ngumar  
tinut wuri denny dhelik anjengking  
inguncalan jiret sampun  
gulunira kang kena  
aningseti katuju prapta Lamdahur  
Wong Agung alon ngandika  
heh yayi prabu Serandil.

3. Jejiret tariken enggal  
dyan tinarik sakuwate anarik  
Kabul Ngumar sampun katut  
linarak prapteng jaba  
sigra narik pedhang sang prabu Lamdahur  
pinedhang gulune pagas  
pejahe rajeng Ngabesi.

4. Kudanira Janggisapar  
busanane emas rong atus kati  
pinaringaken Lamdahur  
langkung sukaning driya  
nulya mangkat anitihi kudanipun  
dipangga kinthil lon-lonan  
aririh aneng ing margi.

5. Samarga apaguneman  
Jayengmurti lawan Prabu Serandil  
ya ta kuneng kang winuwus  
sang Retnayu Muninggar  
sasedane kang putra awayang-wuyung  
tanbuh-tanbuh solahira  
ribeng tyas angesthi pati.

6. Abuh netrane kalihnya  
angapendul bintit awaspa getih  
satemah kaku tyasipun  
abuh thi-athinira  
nyandhak patrem angiwa gandhewanipun  
nitih kuda mring paprangan  
ngrasuk kapraboning jurit.

7. Gya mijil mring rananggana  
lajeng nengah kagyat sagung narpati  
asanget ing marmanipun  
nanging kang para raja  
samyak ajrih lamun ngaturana mundur  
tan ana kang sipung wenang  
angaturana sang putri.

8. Mung Wong Agung Parangteja  
lawan Umarmaya kang kandel sami  
winenangaken pitutur  
marang Retna Muninggar  
angosowa ing reh pan kalilan sampun  
dening sagung para raja  
pan dereng kalilan sami.

9. Dadya andulu kewala  
sasolahe Sang Retna Muninggarim  
denirasa soroh amuk  
ngetap kuda manengah  
apepulih ing sedane putranipun  
nulya wau kawistara  
ing sira sang ratu Jobin.

10. Lamun Sang Retna Muninggar  
mring paprangan tanpa rowang pribadi  
Jobin ngetab kudanipun  
prapta ning pababatan  
raja putri miyat menthang langkapipun  
Sang Raja Jobin pinanah  
jajanya anrus ing gigir.

11. Jobin langkung dukanira  
heh wong wadon ingkang mangkene iki  
tuhu tan suka maringsun  
ing sapisan-pisana  
narik pedhang arsa amedhianga gupuh  
Retna Muninggar angayat  
lumepas ingkang jemparing.

12. Ngeneni bahu kang kiwa  
ratu Jobin pedhot bahuné kering  
sigra narajang sang prabu  
raja putri pinedhang  
ulah mungkur kang kena walikatipun  
marengi nalikanira  
praptane Sang Jayengmurti.

13. Yudane Retna Muninggar  
kagyat mulat ngandika Jayengmurti  
yayi Muninggar ta iku  
apa karane aprang  
sigra ngetab pun Sekarduwijan mamprung  
Jobin miyat sigra nilap  
lumayu ngungsi wanadri.

14. Tinututan wus kacandhak  
dyan pinedhang tugel sang Ratu Jobin  
cinacah pan kadya timun  
Jobin duk pejahira  
sigra wangsul kang nusul samya kapethuk  
praptane madyeng payudan  
tumundhuk nateng Kohkarib.

15. Wong Agung alon ngandika  
heh Marmadi pagene yayi dewi  
Muninggar metu prang pupuh  
nateng Kohkarib nembah  
mila rayi paduka mijil prang pupuh  
dening kang putra palastra  
Kobat Sarehas narpati.

16. Cinidra ing duratmaka  
duk miyarsa Wong Agung Jayengmurti  
niba saking kudanipun  
kantaka tan panon rat  
dyan rinebut saguning kang para ratu  
binabayang tinangisan  
binekta manjing jro puri.

17. Sapraptanireng kadhatyan  
wus kapanggih sinundhang raja putri  
Retna Muninggar tan emut  
kaninira angrebda  
Jayengmurti emut sakedhap akantu  
tan bisa mulat ing garwa  
Wong Agung Parangteja ris.

18. Umatur sarwi karuna  
kadya paran pratingkah paduka Mir  
awuyungan tutur lingling  
tan arsa budidaya  
ing kanine rayi paduka puniku  
Wong Agung duk amiyarsa  
enget sakala alinggih.

19. Munggeng ulone kang garwa  
sru ngandika marang Umarmayeki  
paman Arya Betaljemur  
den age aturana  
Umarmaya mesat mring pakuwonipun  
Betaljemur ingaturan  
tan adangu nulya prapti.

20. Apan dangune Ki Arya  
wus uninga sedane raja putri  
sapraptane Betaljemur  
sang putri wus ananjak  
lajeng seda mantuk mring antara a maut  
layar maring desa pana  
gumuruh swaraning tangis.

21. Angadhaton nagri baka  
duk miyarsa Wong Agung Jayengmurti  
ing sedane garwanipun  
niba ambanting awak  
sangsaya sru kang tangis lir prawata rug  
maratani sanagara  
saenggon-enggoning tangis.

22. Sagunging bala nata-Mbyah  
lir kapaten ing anak lawan rabi  
akathah sesambatipun  
mulat ing gustinira  
pan Wong Agung tanbuh-tanbuh solahipun  
niba tangi sanalika  
gumuyu sarwi anangis.

23. Sarya kesah giyak-giyak  
nulya mandheg ngririntih nolih-nolih  
mangkat malih gandrung-gandrung  
mirong kemanden sutra  
saparane kapingu gandrung-gandrung  
kadya wong edan kadadak  
awuyungan kawlas asih.

24. Sakala mulat ing garwa  
sinungkeman cinecep ingkang lathi  
kesah malih gandrung-gandrung  
wangsul bantali asta  
tan adangu kesah malih gandrung-gandrung  
cengkelak angaras asta  
tan adangu kesah malih.

25. Sarwi ngririntih sakedhap  
kesah malih necep jejempol sikil  
breset kesah gandrung-gandrung  
mirangrong karungrungan  
gedheg-gedheg tebah jaja gandrung-gandrung  
kang asta murweng saharja  
legeyeh niba ing siti.

26. Makuthanira kasingsal  
wangsul malih marang gene kang rayi  
lengkeh-lengkeh gandrung-gandrung  
prapta layoning garwa  
anungkemi munggend ing jejengkunipun  
anecep-necep jempolan  
sartane necep jariji.

27. Kesah sarwi latah-latah  
marang taman milang kang sarwa sari  
apan sarwi gandrung-gandrung  
sarwi angundhuh sekar  
munggend meja wangsul malih gandrung-gandrung  
yayi Muninggar wungua  
sekarira sun undhuhi.



28. Putranira karyakena  
bungah bajo dimen kinarya nangkil  
sebret mentar gandrung-gandrung  
marani woh dalima  
ngundhuh kalih wangsulira gandrung-gandrung  
yayi sun ngundhuh dalima  
wadhahana dimen aglis.

29. Munggeng ing lancang kancana  
patik retna jumerut lan widuri  
kang anggawa gandrung-gandrung  
marang ing panayuban  
marek marańg ngarsane ramanta prabu  
iya Bathara Nusirwan  
bujana lawan para ji.

30. Lah mara yayi wungua  
bok dinukan dangu tan ana prapti  
nulya kesah gandrung-gandrung  
ngundhuh wohing srikaya  
mung tetiga wangsul malih gandrung-gandrung  
lah yayi iki srikaya  
kalawan sekar taluki.

31. Mara yayi saosena  
ing ramanta bathara nyakrawati  
mangka usadaning gandrung  
payo mring panayuban  
sun umiring wurinira gandrung-gandrung  
gandrung asmara ruhara  
dhuh kusuma Muninggarim.

32. Kadangon denira nendra  
bok dinukan dangu tanana prapti  
kesah malih gandrung-gandrung  
majeng sajroning taman  
mandheg mangu satindak agandrung-gandrung  
angundhuh wohing kemlaka  
sadhompol kemlaka manis.

## XI. WONG AGUNG GANDRUNG

### DHANDHANGGULA

1. Sapraprane ngandika ngririntih  
adhuh ta yayi apuranira  
sadangune ingsun supe  
pajer agandrung-gandrung  
tanya saos pending lan kancing  
pajer ngundhuh wowohan  
sapanan agandrung  
lah payo nimas wungua  
siyagaa iki pepending lan kancing  
seba ing ramanira.
2. Yun-ayunan bathareng Medayin  
dene sira lami tan aseba  
tan ambekta ing wayahe  
sang murweng lara gandrung  
Prabu Kobat Sarehas pekik  
ngiringa ibunira  
semang gandrung-gandrung  
ngaturken wohing dalima  
lan srikaya katiga kemlaka manis  
lah babo dipun enggal.
3. Dangu jetung nulya kesah malih  
amangsuli makena kemandyan  
mring gedhong pasareyane  
wau sang karya gandrung  
lan jemparing gandhewa gadhing  
mungsu arungan prapta  
pajer karya gandrung  
adangu kendel kewala  
dhuh kusuma sanget deduka ing dasih  
angeneng tanpa dosa.
4. Kesah malih marani turanggi  
titihane Sang Retna Muninggar  
pun Imbaretna namane

atangkeb gandrung-gandrung  
kinambilan binekta aglis  
marang gene kang garwa  
sarwi gandrung-gandrung  
prapta lah yayi wungua  
kudanira iki wus ingsun kambili  
payo bereg mring wana.

5. Tan adangu nulya kesah malih  
apan sarwi anuntun turangga  
sukane tinuntun dhewe  
asmara gandrung-gandrung  
mangsulaken ingkang turanggi  
lajeng marang wantilan  
sarwi gandrung-gandrung  
sapraptane saratinya  
kinen sigra amalanani kang esthi  
nama pun Ambarsirat.

6. Dipanggane Retna Muninggarim  
wusnya pinelanan gya binekta  
marang enggoen garwane  
prapta ngandika arum  
payo yayi nitih ta esthi  
**Wong Agung Parangteja**  
gya nungkemi suku  
umatur sarwi karuna  
kadya paran rayi paduka wus lalis  
sampun ta rinarepa.

7. Luhung ginaliha sampurneki  
kagyat Wong Agung duk amiyarsa  
niba ing pangkon nglegéyeh  
saguning para ratu  
gumarumung tangisireki  
saking sungkawaning tyas  
miyat gustinipun  
Adipati Tasikwaja  
ngusap jaja tansah waspanya dres mijil  
langkung sangkawaning tyas.

8. Betaljemur pan maksih alingghih  
sarwi ngusap layon kalihira  
alon ing pangandikane  
iku larane gandrung  
heh ta Maktal Umarmayeki  
yen wus rong puluh dina  
mari dennya gandrung  
aywa na maras tyasira  
enengena yen prapta rong puluh wengi  
sayekti teka waras.

9. Samya egar kang samya prihatin  
saguning kang para raja-raja  
miyarsa ing pituture  
gustine gerah gandrung  
yen praptane rong puluh wengi  
Wong Agung Kakungingrat  
mari gandrung-gandrung  
Betaljemur wangsitira  
mila sagung satriya punggawa mantri  
samya yem ing wardaya.

10. Betaljemur sigra dennya pamit  
mantuk marang ing pakuwonira  
pasanggrahan Medayine  
wau kang among gandrung  
pan ing siyang pantara latri  
komet ing solahira  
dennya gandrung-gandrung  
sawusira lama-lama  
ing semaya jangkepe rong puluh wengi  
enget purwa wasana.

11. Paparentah karya bandhosa glis  
lawan undhang yen badhe budhalan  
kondur mring Arab karsane  
saguning para ratu  
angundhangi bala kusweki  
wau ta kang bandhosa  
dadosipun katur

layone retina Muninggar  
binandhosa bandhosa pinarnah mungging  
saluhuring jempana.

12. Sinongsongan kalih welas sisih  
tunggul naga ingkang mungging ngarsa  
kawan ewu parekane  
kang tangis kadya guntur  
bebahing tyas sang Jayengmurti  
nanging ta ingaweran  
sawatawisipun  
mundhut modin pitung leksa  
kinen muji dharat denira lumaris  
sawurining jempana.

13. Inkang mungging ngarsa para ketib  
patang leksa amawa daludag  
tunggul kakandha lan rontek  
salawate gumuruh  
para ratu ing wuri tebih  
Wong Agung Kakungingrat  
dharat lampahipun  
mungging wurining jempana  
sabudhale saking ing Kaos nagari  
oter wong sanagara.

14. Umbul-umbul apan sewu sisih  
lawan uncal-uncal lan kumbala  
awor ing upacara keh  
gumludhug kadya ladhu  
gara-gara kagiri-giri  
sagara alimputan  
mandra kuwung-kuwung  
kang obar-abir ambabar  
geter pater tengis dhedhet erawati  
yayah milu kung rimang.

15. Saluhuring jempananireki  
kadya sesiring kilat kumilat  
petha pepanthan thathite  
sumirat turut mirut

kilat kelablaban kaeksi  
yayah ngayut ngawiyat  
ngayati sumiyut  
kadya andhedhes bandhosa  
sindhung riwut siwat-siwut ngengenesi  
tyasing wadya sadaya.

16. Saking jawi kitha sampun tebih  
lampahing bala kadi samodra  
sapan-parane bleber  
ing wana lir balabur  
kathah ingkang ngormati margi  
atusan pra pandhita  
methuk lajeng tumut  
ngiringken ing layonira  
raja putri pan wuwuh samargi-margi  
mangkana lampahira.

17. Datan kendel lampah siyang latri  
Wong Agung Kakuningrat adharat  
saleyoran ing lampahe  
asmara gandrung-gandrung  
saguning kang bala nata Mir  
mring gusti was kalintang  
denira mong gandrung  
tan arsa nitih turangga  
sinaosan jempana tan arsa nitih  
suka dharat kewala.

18. Dadya para ratu ambelani  
samy dharat mung punggawanira  
kang nitih lan pepatihe  
nindhihi baris agung  
aneng kuda dipangga nebih  
lawan sang kapibrangta  
samarga mong gandrung  
angegeyeh kapidhará  
rinarompa wus enget lumampah malih  
gandrung-gandrung karantan.

19. Saguning kang modin ketib dhikir  
kadya guntur nengkeri ngawiyat  
reh kang samodra gora reh  
kagyat sang among gandrung  
amiyarsa swaraning dhikir  
mangu kendel lampahnya  
mangkat gandrung-gandrung  
akathah resmining arga  
jalaniddhi kontab ing wuri mimbuhi  
kambuh wiyoga kambah.

20. Maruta nglut meses angekesi  
ngenes tyasira sang Kakuningrat  
ler wetan kuwung angedheng  
sumirat dadya ranu  
ananduki sang mageng brangti  
bangun wungu kandhahan  
semang gandrung-gandrung  
lir rinejeg tyasnya rantas  
sumarambah sarira sumyar ngowani  
lenglung reh kalanglangan.

21. Lepasing wadya baris lumaris  
ngambah talun-talun nuting marga  
wulusan pinggir alase  
enget sang among gandrung  
katon solahing nguni-uni  
lan garwa acangkrama  
mangu gandrung-gandrung  
kidang munya sesengeran  
opyak sagung wadya pra samya angungsir  
kidang keh katandangan.

22. Mesem miyat kang agung prihatin  
dening wadya gung kadya pepara  
kyeh wowohan ing pesantren  
menggah agandrung-gandrung  
langkung welas sagung para ji  
miyat ing gustinira  
agung gandrung-gandrung

tan wus wuwusen ing marga  
sapraptane jajahan antareng bumi  
bumi Mekah wus prapta.

23. Oter miyarsa wong Puserbumi  
jalu estri akathah kang mapag  
dennya prihatin gustine  
samar agandrung-gandrung  
dadya kathah bantu samargi  
belani kurah waspa  
ri sang lara gandrung  
kang rama dipati Mekah  
duk miyarsa kula wangsa gya umijil  
methuk sang putrasmara.

## XII. DEWI MUNINGGAR DIPUN PETAK DHATENG MEKAH

### ASMARADANA

1. Pandhita ngulama mupti  
kukama seh tumut samya  
sang adipati lampahe  
miyat sagunging gegaman  
mangkana kawistara  
ri sang suta gandrung-gandrung  
tumundhuk bekti ing rama.
2. Kang rama mesem mrepeki  
ngayuh lungyaning putra  
aduh babo sutaningong  
mung wode wardayaningwang  
aywa mageng sungkawa  
mirong ing tyas gandrung-gandrung  
pan wus titahing Hyang Suksma.
3. Luhurira nguni-uni  
kang samya ginanjar arja



mora pegat sangsayane  
wus kaprahe wong ginanjar  
luwih wibawanira  
yekti kena lara gandrung  
pinethot ing pakareman.

4. Leluhur mung Kangjeng Nabi  
Ibrahim sinung sangsaya  
Raja Namrut ingkang obong  
papane munggend ing ngarsa  
nulya Namrut putrinya  
kasmaran agandrung-gandrung  
mring nabi anut saparan.

5. Kang putra nuwun nungkemi  
lilih samya dyan lumampah  
badhe metak kunarpane  
kang garwa Retna Muninggar  
sarta tuduhing bapa  
mangkat sarta gandrung-gandrung  
marang ing bumi lolongkang.

6. Tegal Wasitah nameki  
wewatesan bumi Mekah  
lawan ing Yahman tangahe  
miwah bumi Samkacahak  
Mesir pan karocokan  
sinarekaken ing ngriku  
layone Retna Muninggar.

7. Rinengga astana adi  
asri ingkang upacara  
sami sakala dadose  
ginarap ing para raja  
pandhita pira-pira  
kang samya amatut cungkup  
layone Retna Muninggar.

8. Kang putra daganireki  
wusnya bubar para raja  
miwah para kakem kabeh

kang rama langkung wasira  
mulat sayeng atmaja  
kapingu gandrung-gandrung  
kondure kondur pineksa.

9. Mring rama binekta mulih  
aywa mageng larasmara  
mukina aneng kadhaton  
milanya sang Kakuningrat  
ngecani ingkang rama  
kondurira gandrung-gandrung  
samarga arawat waspa.

10. Sapraptanira jro puri  
tan antuk nadhah anendra  
kapingu sagen-enggen  
kadya meh antara gila  
gumuyu tur karuna  
awirangrong gandrung-gandrung  
mawas ing reh karungrungan.

11. Sagunging para narpati  
prihatin kapati brangta  
asru oneng ing gustine  
lami tan kena sineba  
agung abilulungan  
saparane gandrung-gandrung  
lan Wong Agung Parangteja.

12. Mangka ing dina sawiji  
kesah tan amawi bala  
mung Arya Maktal rowange  
marang astana Muninggar  
siji bala tan kena  
lampahira gandrung-gandrung  
sapraptanireng astana.

13. Sare neng ulonireki  
Wong Agung ing Parangteja  
pinarnah aneng dagane  
mangkana sang Kakuningrat

nglalu panendranira  
moneng risang gandrung-gandrung  
sare mung bangun rahina.

14. Supena wonten kaeksi  
sajroning nendra katingal  
ningali sajroning sare  
langit kapitu kang bedhah  
nulya wonten amparan  
saking ngawiyat tumurun  
isi kaki-kaki tuwa.

15. Aneng malige alinggih  
sarwi anangga dhedhasar  
isi sarbat rum gandane  
luwih wewangining donya  
sigra Sang Kakungingrat  
mrepeki malige gupuh  
sarwi matur mring wong tuwa.

16. Kang lenggah malige manik  
lah sinten tuwan punika  
wong tuwa alon wuwuse  
sun iki leluhurira  
kinongkon ing Hyang Suksma  
anglayad marang sireku  
dening sru prihatinira.

17. Kapaten rabi kekalih  
sartane kapaten putra  
iya padha lanang karo  
kang dhingin bisa anambak  
iya mujadahira  
nulia kang kari anusul  
Muninggar Kobat Sarehas.

18. Iku sira angot malih  
ilang kabudayanira  
andina-dina anglamong  
tanpa tutur idhepira  
lara dameng wanodya

lawan lara dameng sunu  
ilang nalar tan panon rat.

19. Lah nya iki turas mami  
ya nyawa sira inuma  
dimen tyasira arereh  
gelas sampun tinampenan  
lajeng panginumira  
Wong Menak angrasa tuwuk  
langkung saking kanikmatan.

20. Sadhasar pisan angenting  
nulya Jeng Nabi ngandika  
heh ta babo darahingong  
sireku aywa geng brangta  
lara dameng wanodya  
apan ta Hyang Maha Luhur  
wus karya titah ing sira.

21. Ing takdir tan kena gingsir  
yen sira prihatin dahat  
wus kaecap pepsthene  
nanging karsane Hyang Suksma  
ing tembe piningan  
kang sebagi warnanipun  
iya kaya si Muninggar.

22. Lawan kadi putri Mesir  
datan ana kalonglongan  
ing badan tatah warnane  
pasang rakite pan samya  
Sang Hyang Jala wa Ngajwa  
angileni ing sireku  
tetempuh sekar kadhatyan.

23. Dewi Rabingu kang nami  
Sirtupelaheli endah  
putri Karsinah namane  
iya apeputra lanang  
bagus prawireng laga  
kadya Maryunani tuhu  
dadya kondhanging nglaga.

24. Dene putri ing Medayin  
iya Ni Retna Muninggar  
putri Kanjun lelirune  
Sudarawreti kang nama  
punjul ing pramudita  
padha lanang putranipun  
abagus pratameng laga.

25. Jumeneng narpati luwih  
kadi si Kobat Sarehas  
abebala para katong  
wau kalane miyarsa  
Wong Agung Kakungingrat  
anjungkel nungkemi suku  
karuna tobat ing Suksma.

26. Anulya kagyat sang Amir  
wungu denira anendra  
mung kacipta supenane  
badane arum sadaya  
amungu Raden Maktal  
heh yayi wungua gupuh  
wungu Arya Parangteja.

27. Ngandika sang Jayengmurti  
yayimas ing Parangteja  
iya ana paran kiya  
Raden Maktak matur nembah  
kawula mambet ganda  
saking paduka ing ngriku  
ganda rum muleg angambar.

28. Wong Agung mesem dennya ngling  
yayimas ingsun supena  
wus tinutur sadayane  
ing purwa madya wasana  
matur sang Arya Maktal  
ayemna ing tyas pukulun  
punika apan nugraha.

29. Sampun ta sanget ing brangti  
wonten pitulung Hyang Suksma  
Wong Agung mijil waspane  
anrangkul ing Arya Maktal  
yayimas Parangteja  
kaya ngapa awakingsun  
darapon aja kacipta.

30. Bakayunira Medayin  
tansah cumanthel ing nala  
miwah si sekar kadhaton  
aneng tungtunging wardaya  
tumancep aneng netra  
Arya Maktal nambah matur  
tuwan salinana cipta.

31. Dewi Sirtupelaheli  
punika tuwan galiha  
dimene celak dhaupe  
putri adi ing Karsinah  
kang mangsit ing supena  
kalawan putrine Kanjun  
nugraha tuwan ciptaa.

32. Ni Dewi Sudarawreti  
punika tuwan galiha  
dimene mendho anglamong  
ngandika sang Kakuningrat  
iya yayi yen kena  
nanging sakedhap dang emut  
Muninggar sekar kadhatyan.

33. Mangkana wong agung kalih  
denira aneng astana  
selikur dina lamine  
kondur marang jroning kitha  
lan Maktal sampun prapta  
siniwakeng para ratu  
martakken supananira.

34. Asrep tyase kang para ji  
anyana yen gustinira  
mendha sirep panglamonge  
enggar tyase para raja  
satriya myang punggawa  
bupati suka tyasipun  
myarsa lire pangandika.

35. Sakathahe kang para ji  
ing batin dereng pitaya  
dennya miyat ing gustine  
ulat kang maksih agiras  
pratandha dereng mulya  
lelabetaning tyas kawur  
myangmyangan mangu magila.

36. Wong Agung amondar-mandir  
mijil ponang pepundhutan  
anadhah lan para katong  
saguning kang para raja  
mrepeki Arya Maktal  
angger paran kang satu  
gerahe raka paduka.

37. Pangandikanira aris  
Wong Agung ing Parangteja  
durung sirna sayektine  
dhatdhatan maksih akeras  
susah ing tyas manira  
cahyane sangsaya nglayung  
supe bawaning srinata.

### XIII. WONG AGUNG TANSAH GANDRUNG

#### SINOM

1. Wong Agung denira dhahar  
kinepel datan binukti  
pinijet-pijet kewala  
kambah ing tyas angranuhi

Muninggar kang kaeksi  
bingleng peteng tanpa tutur  
kepelira binuwang  
karuna asru denny nging  
kaya paran yayimas ing Parangteja.

2. Barubah wardayaning wang  
kadyantaka tanpa kanin  
sarwi mangkat denny lenggah  
tilar ing para narpati  
amirong ringik-ringik  
saparane gandrung-gandrung  
Wong Agung Parangteja  
wau kang tansah kinanthi  
para nata datan kena tut wuriya.

3. Satriya ing Tasikwaja  
tut wuri tan den lilani  
dinukan kinen wangsula  
Umarmaya wangsul aglis  
lajeng wong agung kalih  
marang taman gandrung-gandrung  
jajah sakehing sekar  
tan adangu wangsul malih  
sapraptane gene sagung para raja.

4. Lajeng kantaka tar-kantar  
gumuling pangkonireki  
Wong Agung ing Parangteja  
ngambil toya angusapi  
wadananira Amir  
wungu sarwi gandrung-gandrung  
rinubung para nata  
cangelak wangsul alinggih  
julalatan ngandika mring Umarmaya.

5. Heh ta kakang Umarmaya  
saguning para narpati  
lamun samengko tyasingwang  
sengit siniwakeng dasih  
ilang prawira mami



lagi kambah lara gandrung  
kabeh kang para raja  
muliha prajane sami  
aja ana kang tunggu mring raganing wang.

6. Nadyan sira Umarmaya  
lungaa aja kaeksi  
mung yayimas Parangteja  
aja pisah lawan mami  
wruha satingkah mami  
ing asmara gandrung-gandrung  
sagung kang para nata  
gumuruh samya anangis  
dhuh nahangger kadi ngapa kang mangkana.

7. Pisaha lawan paduka  
silema sajroning geni  
den temah awu lebura  
tan angipi yen ngoncati  
tumul sabaya pati  
mangkya gusti gerah gandrung  
tan nedya ngingkedana  
ing kapaten sadayeki  
tan acipta mung tuwan gusti kawula.

8. Munggeng asmara dilaga  
ing mungsuh anyengka tandhing  
nindaki satus sayuta  
tumpesa ngarsaning gusti  
tan ngipi nedya urip  
ngayahan tuwan pukulun  
ing mangke mangun papa  
dasihe tan den lilani  
atur pejah ing gusti kang para raja.

9. Wong Agung datan ngandika  
tan antara anungkemi  
pangkonira Arya Maktal  
rinubung para narpati  
dhuh gusti dipun eling

kadurusan gerah gandrung  
tolihen dasih tuwan  
sagung kang para narpati  
punggawane bela satriya punggawa.

10. Anglilir Sang Kakungingrat  
jetung datan bisa ancling  
bebisik mring Arya Maktal  
kang wayah kinen nimbali  
Wong Agung ngandika ris  
aja milu lara gandrung  
Ki Sayid Ibnu Ngumar  
muliha prajanireki  
amuktiya aneng ing Kaos nagara.

11. Apan ingsun durung kena  
tetemu lan wong sawiji  
liya yayi Parangteja  
tyasingsun amuring-muring  
dene nulya kaeksi  
ingkang karya lara gandrung  
yayi Retna Muninggar  
tumanceb tungtunging ati  
witning enget dening wadya kang sewaka.

12. Prabu Sayid Ibnu Ngumar  
tumungkul waspa dres mijil  
myarsa timbalaning eyang  
mring sagung para narpati  
sadaya bantu tangis  
awlas mring sang among gandrung  
Wong Agung sru ngandika  
ingsun ing wektu puniki  
datan ngarsa-arsa yen dadya manungsa.

13. Mulane kang para raja  
den suka tyasira sami  
lilakena raganingwang  
aywa na malang tumolih  
mringa prajane sami  
aywa milu lara gandrung

padha angrasakena  
iya rasane kamuktin  
neng nagrine tetepa aja sangsara.

14. Tan kena den arsa-arsa  
ing mengko wakingsun iki  
pirang bara ta ing benjang  
amangsuli senapati  
ing mengko datan apti  
mung ketang kang karya gandrung  
kuneng wau kang prapta  
ing Mesir Prabu Sanasir  
enget methuk sakala Sang Kakungingrat.

15. Ing rama atur pranata  
rinangkul Sang Jayengmurti  
Prabu Sanasir turira  
dhuh paran marmane gusti  
kadya datanpa budi  
pijer meda gandrung-gandrung  
pan jenenging prawira  
tan kena atilar budi  
ing kang putra Wong Agung aris karuna.

16. Wau ta sang Adipatya  
ing Mekah mijil manggihi  
ing besan sri maharaja  
ing Mesir Prabu Sanasir  
tundhuk jawat asteki  
pan sareng rangkul-rinangkul  
aras-ingaras jangga  
Dipati Mekah ling aris  
Yayi Prabu paran karsa pakenira.

17. Dene ta ambuwang badan  
tan kena dipun tuturi  
kudu tinggal kawibawan  
tan arsa atolih dhiri  
tan wonten den raosi  
saparane gandrung-gandrung

nateng Mesir turira  
lah paran kakang dipati  
sami nglindhung ing karsa Hyang Maha Mulya.

18. Sapikantuking kawula  
inggih sampun kongsi taksir  
duraka kirang tekiyar  
paduka tan amba sami  
dene kalampah inggih  
ing asmara gandrung-gandrung  
tan keni rinaosan  
kawimbunan ing wiyadi  
pilang-pilang inggih kuwawi anandhang.

19. Dhuh angger mugè emut  
lamun titahing Hyang Widdhi  
dadya lelananging jagad  
siniweng para narpati  
pangaubaning dasih  
sampun pijer gandrung-gandrung  
ambuwang pasariran  
anglungsur tan arsa mukti  
dhuh emuta yen tinitah Jayengrana.

20. Mangsa kentena prawira  
kang boya brangta ing estri  
sungkawa risang utama  
toh jiwa amangun jurit  
lami-lami amanggih  
lelintoning gerah gandrung  
nugrahaning Hyang Suksma  
narima den sembadani  
nora nana luwih saking panarima.

21. Apan ta leluhurira  
kang wus mangsid sira gusti  
Nabi Ibrahim minulya  
iku tinurut prayogi  
sapa ginugu malih  
teka pijer gandrung-gandrung

Wong Agung duk miyarsa  
wuwuse kang rama kalih  
pan tumungkul dhekukul sarwi karuna.

22. Sagung para raja-raja  
mulat ing gustinira Mir  
tan bisa mulat sungkawa  
nira gusti Jayengmurti  
paran ta Kangjeng Nabi  
kang ekon mariya gandrung  
pagene maksih ura  
tyase tan mantheng ing wangsit  
maksih katon kang akarya lara brangta.

23. Kabeh datan piniyarsa  
pitutur kang becik-becik  
tur anggawa parmaning Hyang  
mijil-ing Nabi Ibrahim  
prandene gusti iki  
teka pijer gandrung-gandrung  
wau ta ingkang rama  
lawan sang prabu ing Mesir  
sareng ngrangkul anangisi putranira.

24. Dhuh gustinipun pun bapa  
emuta titahing Widdhi  
badan puniki pan darma  
Wong Agung alon nauri  
inggih pan wus nglampahi  
nadyan sakit gandrung-gandrung  
sami titahing Suksma  
mila kawula andhemi  
ingkang rama kekalih jeleh karuna.

25. Ya Allah astapirolah  
nadyan padha titah Widdhi  
kang becik den lakonana  
para raja samya nangis  
Wong Agung datan osik  
angandhemi gandrung-gandrung

ngandikeng para nata .  
heh sagung para narpati  
den santosa muliha prajane samya.

26. Den angantepi agama  
den aris angreh ing dasih  
pamurwaning titi praja  
den olih apura niti  
aja tolih ing mami  
agi among lara gandrung  
tan kena antenana  
pirang bara ta ing benjing  
bisa mulya angulih raras driya.

#### **XIV. PARA RAJA KAPURIH WANGSUL DHATENG NAGARI- NIPUN PIYAMBAK-PIYAMBAK**

##### **MIJIL**

1. Maksih oneng manguneng ngeneni  
murang amirangrong  
rangu-rangu kaprawiran supe  
sagung kaprabon datan kaeksi  
mung kacipteng galih  
kang akarya gandrung.
2. Datan arsa yen micoreng mami  
liya langeningong  
amung ketang ketung nahing angger  
tan atolih kawibawan mami  
mung sang asmaradi  
katon gandrung-gandrung.
3. Ngulatana saubenge langit  
jroning samodra rob  
mangsa antuka mirib warnane  
ingkang kadya putri ing Medayin

**dhuh mas jiwa mami  
kang akarya gandrung.**

4. Miwah sira kaki sri bupati  
adhuh putraningong  
apa antuk leliron ing tembe  
ambeknya lus mring bapa jrih asih  
pamulune manis  
ngrangkung gandrung-gandrung.

5. Poma sagung kang para narpati  
aywa na kang wangkot  
den age mring praja dhewe-dhewe  
ngrasanana muktining nagari  
apan ingsun lagi  
mañgun lara gandrung.

6. Kambuh kambah wiyoga ngeneni  
wiyadi anglamong  
datan antuk mendha ing wirage  
ragan-raganing putri Medayin  
nayut sambat mati  
menggah gandrung-gandrung.

7. Yai emas Parangteja naming  
kang milu maring ngong  
ngawruhana lara wiyagane  
samyang nangis sagung kang para ji  
adhuh paran gusti  
anut gerah gandrung.

8. Tan gumingsir saguning para ji  
anglabuhi wirong  
lara pati tan wonten kumedhep  
ajur luluh neng padaning gusti  
yèn ngarsakna ugi  
milya gandrung-gandrung.

9. Lebur luluh dasihe ywa kari  
manjing samodra rob  
ingkang abdi dadya dhedhasare

ing delahan manjinga yamani  
kang abdi rumiyin  
sampun among gandrung.

10. Angandika risang Jayengmurti  
marang para katong  
sun tarima kabeh prasetyane  
nanging padha muliha den aglis  
mring prajane sami  
aywa milu gandrung.

11. Durung kena samengko tyas mami  
pinarek pra katong  
liya yayi mas Parangtejane  
pirang bara ing besuk yen mari  
sagung kang para ji  
sadaya kapiluh.

12. Akeh solahe wong tresneng gusti  
sagung para katong  
ana ingkang banting sarirane  
ana ingkang napuk-napuk pipi  
saweneh ngrerintih  
kadya milu gandrung.

13. Rajeng Mesir Prabu Asanasir  
nanging matur alon  
aduh kakang dipati ing mangke  
sami pasrah ing Hyang Maha Luwih  
ing sapolahneki  
risang gandrung-gandrung.

14. Samya tuwakup ing reh puniki  
sang arya lingnya lon  
yayi prabu sampun pindho gawe  
mangsa keni pinalangan lagi  
anyar lara brangti  
karep lara gandrung.

15. Para ratu samya angabekti  
ing Jayengpalugon



sarwi lara-lara sesambate  
tansah moneng manguneng wiyadi  
mung kacipteng galih  
gusti gerah gandrung.

16. Angrarapu Arya Dul Muntalib  
marang para katong  
lah turuten bae sakarsane  
pinopowa amuwuhi wingit  
tyase banget rujit  
semang gandrung-gandrung.

17. Tinurutan manawa ing benjing  
enget ing kaprabon  
para ratu anuhun ature  
inggih leres ing karsa sang yogi  
yata Jayengmurti  
busanane cucul.

18. Arya Maktal kinen cucul sami  
asalin panganggo  
salin cara santri panganggene  
angabekti mring rama kekalih  
mangkat anuwun sih  
sarwi gandrung-gandrung.

19. Samya jetung kang para narpati  
nangis sarwi jomblong  
datan bisa miyat ing gustine  
samyane nembah marang sang dipati  
inganthukan sami  
sareng unduripun.

20. Umarmaya miwah Umarmadi  
mangkat sarwi jotos  
sirahipun kang jinotos dhewe  
akeh solahé para narpati  
wau kang winarni  
risang among gandrung.

21. Samarga-marga rawat waspeki  
sumunging wirangrong  
Arya Maktal tansah ing wurine  
rereyongan mung satriya kalih  
sarwi nolih-nolih  
masweng gandrung-gandrung.
22. Sirem wiyati jalada putih  
tatrangan maweh ton  
datan antara sumusul kang we  
kandheg kataweng angin manipis  
tumutur belani  
risang karya gandrung.
23. Kadya manangisi risang langit  
langene kawuron  
sumyur-sumyur kumepyur ririse  
arum-arum ngantariksa resik  
umiyat sang brangti  
menggah gandrung-gandrung.
24. Heh yayimas Parangteja iki  
langite mangkono  
ngenthang-enthang metoni ririse  
baya iki rakanta Medayin  
methuk angurmati  
ngusadani gandrung.
25. Kuwung-kuwung mawa obar-abir  
tumiyoung angayom  
wenes manis tinon prabawane  
baya iki yayi Muninggarim  
siyagane keksi  
mirong gandrung-gandrung.
26. Kontaping astana gapura di  
ceplok melok-melok  
kasorotan baskara gebyare  
heh yayimas iku kang kaeksi  
yayi ing Medayin  
methuk gandrung-gandrung.

27. Arya Maktal matur awotsari  
adhuh gustiningong  
punapa ta paduka angame  
putri Muningar sampun ngemasi  
cnipta yen maksih  
urip gandrung-gandrung.

28. Boten penet wong agung daleming  
lali ing Hyang Manon  
Jayengmurti duk miyarsa kaget  
sarwi nolih ngrangkul paran yayi  
sapa ngusadani  
laraningsun gandrung.

29. Dadya rinampetan ing asteki  
lampahe nyempoyong  
Arya Maktal anarik lampahe  
kendel sapinggiring gapureki  
Wong Agung gya manjing  
sarwi gandrung-gandrung.

30. Prapteng makam neng nguilon anjerit  
Sang Jayengpalugon  
Raden Maktal wus aneng dagane  
jungkel ing kijing Sang Jayengmurti  
sumaput ngeneni  
meteg lara gandrung.

31. Cinarita pisahe Sang Amir  
lan sagung pra katong  
saisine bumi langit kabeh  
samy melas lir kadya nagisi  
yayah ambelani  
mring sang among gandrung.

32. Watu-watu kayu-kayu sami  
banyune kumocor  
lindhu gonjing gunung-gunung anggremg  
lintang-lintang liyepira ngidid  
jalada nawengi  
upama weh gandrung.

33. Mendhung-mendhung madhendheng ngadhemi  
surya mari sorot  
prapta udan asalh mangsane  
prakampita reh kang jalaniddhi  
ombaknya ngebeki  
amewahi gandrung.

34. Manuk-manuk rubung anamberi  
ing tawang beburon  
kang kedhasih mlas asih sambate  
kadya tumutur pinedhot sami  
tresnanireng brangti  
mangu gandrung-gandrung.

35. Tan wuwusen sedhik ingkang bumi  
miyat sang wirangrong  
rangu-rangu isining rat kabeh  
wau sagunge bala nata Mir  
tontonen kaeksi  
ing gusti mong gandrung.

36. Prabu Marmadi marang Kohkarib  
nanging mogok-mogok  
rasa-rasa prapta ing prajane  
kang kaetung ing samargi-margi  
mung gustinira Mir  
kang sanget mong gandrung.

37. Prabu Lamdahur marang Serandil  
aremben ponang wong  
masanggrahan ing pasisir bae  
kang punggawa sami den timbali  
kang wonten nagari  
barise tan kondur.

## XV. WONG AGUNG BADHE KADHATENGAN MENGSAH SAKING PARANGAKIK

### DURMA

1. Sakathahe sagung para raja-raja  
ing manah sanggarunggi  
tan arsa kondura  
pra samya masanggrihan  
tapel wates prajaneki  
siyaga prapta  
barise kang para ji.
2. Prabu Sayid Ibnu Ngumar datan arsa  
kondur Kaos nagari  
mung ngutusi wadya  
tumut marang kang eyang  
marang nagari ing Mesir  
kang datan tebah  
saking Ngarab nagari.
3. Miyarsakna pawartane ingkang eyang  
myarsaa saking Mesir  
bala pitung yuta  
patang yuta binekta  
marang nagari ing Mesir  
kang tigang yuta  
para samya kinen mulih.
4. Wus mangkana wau kang atunggu makam  
anyapu saben enjing  
lawan Arya Maktal  
salaminya mangkana  
kinirim ing saben ari  
dening kang rama  
Wong Agung Jayengmurti.
5. Bubut suket sarwi angresiki makam  
anjetung angrerintih  
mung iku karyanya  
lami-lami kawarta  
marang para ratu kapis

kang dereng aprang  
lawan Sang Jayengmurti.

6. Wonten ratu prawira asugih bala  
nagrine Parangakik  
anom kaduk sura  
anenggih kang peputra  
ing nguni sang rajeng Perid  
kang mati aprang  
aneng Kaos nagari.

7. Aprang lawan Raden Sayid Ibnu Ngumar  
kang wayah Bagendha Mir  
sarirane rusak  
raja Perid rinunjang  
bahu pukang den tengkeri  
mring Ibnu Ngumar  
anom wasis ing jurit.

8. Ing puniku raja Perid putranira  
jumeneng Parangakik  
pan peparabira  
Raja Kanjun prawira  
wirutama ing ngajurit  
sugih punggawa  
prawira sura sekti.

9. Duk samana Raja Kanjun undhang bala  
sakapraboning jurit  
lan kinen nenurat  
nyuruhi para raja  
kang wus kasub ing ngajurit  
ratu sadasa  
sugih bala prajurit.

10. Sami prapta kang para ratu sadasa  
sakapraboning jurit  
samyata ratu gagah  
prakosa ing ngayuda  
ayutan wadyanireki  
akekumpulan  
neng nagri Parangakik.

11. Nateng Wisantara Prabu Danurisman  
tigang yuta wadyeki  
prajurit prawira  
kasub kaonang-onang  
tate amecah nagari  
ratu sinembah  
ing sesaming aji.

12. Ing Tartukum sira Raja Saridurga  
patang yuta wadyeki  
ratu wirutama  
sugih sura punggawa  
wus prapta ing Parangakik  
sawadyanira  
kapraboning ngajurit.

13. Nateng Ngambardara Sang Raja Durdana  
tigang yuta wadyeki  
ratu prakoseng prang  
kondhang punggawa kadang  
salawe samya prajurit  
nyakethi bala  
wus prapta Parangakik.

14. Kathah lamun cinatur kang para raja  
kang samya sura sekti  
mangkana narendra  
Kanjun sampun tengara  
budhal saking Parangakik  
gegaman abra  
busana marwatagni.

15. Kadya robing samodra wutah ra ara  
Sang Prabu Parangakik  
wadya munggeng ngarsa  
kang dadya gegunungan  
lan ingkang darbeni kardi  
arsa malesa  
ngukum kang wayah Amir.

16. Kang peparab Raja Sayid Ibnu Ngumar  
mateni rumaneki  
raja Perid pejah  
duk prang Kaos nagara  
mila rajeng Parangakik  
kabina-bina  
runtik anrus ing galih.

17. Sampun lepas lampahe saking nagara  
wonten winuwus malih  
ing nguni satriya  
nenggih sutaning raja  
Raja Pirjos kang sesiwi  
kala tinar  
punika taksih alit.

18. Diwasane lonyot tan dadi satriya  
dadya pralente julig  
mangkana miyarsa  
lamun Sang Kakungingrat  
tilar kaprabon dunyeki  
atunggu makam  
ira putri Medayin.

19. Raden Ijras pan arsa amatenana  
ing Menak Jayengmurti  
arsa lampah dhustha  
mring astana Muninggar  
lampahe wonten ing margi  
asesarengan  
lan prabu Parangakik.

20. Rupa druwis lampahe awor gegaman  
kawistareng narpati  
druwis tinimbalan  
dinangu karyanira  
kalamun arsa mateni  
marang Wong Menak  
amrih ing lampah sandi.



21. Kawula mor amrih sampun kauningan  
makoten tingkah mami  
kalawan paduka  
paran kang dados karsa  
lumampah kalawan baris  
sinten peparab  
Wong Agung saking pundi.

22. Anauri Raja Kanjun parabingwang  
nagriku Parangakik  
dene karyaningwang  
pan kadya karyanira  
arsa ngambil ing si Amir  
amales pejah  
patine jeng rama ji.

23. Druwis matur yen mekoten lampah tuwan  
sayekti boten keni  
nadyan barundhula  
Wong Menak aneng taman  
paduka linawan jurit  
kawon paduka  
pasthi tan mangga pulih.

24. Nadyan yutan awendran bala paduka  
sayekti tan nedhasi  
mring Sang Kakungingrat  
linawan tanpa gaman  
luwung paduka suwawi  
anut ing amba  
andhustha lampah a sandi.

25. Baris tuwan kendela dipun atebah  
kawula langkung rumiyin  
jujug ing astana  
sengadi asuwita  
yen kandel amba lebeti  
lawan paekan  
pan inggih darubesi.

26. Lamun sampun kenging kawula tupiksa  
nunten tuwan dhatengi  
wau duk miyarsa  
Kanjun kalangkung suka  
bener pratikelireki  
sun turut uga  
ing sakarsanireki.

27. Raden Ijras angrasuk rasukan tambal  
teken jungkat mantesi  
amoh srebanira  
sekul cangkinganira  
liyep-liyep solahneki  
kadi wong sayah  
alami tan abukti.

28. Sareng budhal Sang Raja Kanjun kalawan  
druwis kinen rumiyin  
gumuruh ing wuntat  
ngebeki wana wasa  
wadya gung ing Parangakik  
lami neng marga  
druwis ulah memanis.

Lajeng nyandhak: Menak Kanjun



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan  
Jenderal